ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№205 (22.863) • 2014 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 11, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий еплъащ Музыкэ театрыр зэрызэрагъэпэщыжам

Музыкэ театрым и лэжьакIуэхэм мыгъэрей бжьыхьэ-щIымахуэ лэжьэгъуэ лъэхъэнэр жэпуэгъуэм и 17-м къызэIуахыжынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэзджэмкIэ и лэжьакIуэ нэхъ цIэрыцIуэхэр, симфоническэ оркестрыр, хорыр, балетыр зыхэт концертышхуэмкIэ. Ар гуфIэгъуэ Iуэхущ, сыту жыпIэмэ, илъэсищым щIигъууэ гупым лэжьэну Iэмал ягъуэтырхъым, театрым и унэр зэрызэкIэлъымыкIуэм къыхэкIыу.

2014 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм КIуэкIуэ Юрий Музыкэ театрым и щытыкIэм еплъа иужь ар зыхуей хуэгъэзэным пыщIа лэжьыгъэхэр ухуакIуэхэм щIэгъэхуэбжьауэ ирагъэкIуэкIыу щIадзащ. Мазищрэ ныкъуэм къриубыдзу Iэхущ1апIэм и пэщхэр, репетицхэр щрагъэкIуэкI щIыпIэхэр, сценэр зыхуей хуагъэзащ. Санкт-Петербург къалэм и IэщlагъэлIхэр зыдагъэIэпыкъуурэ, спектаклхэм къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр, уэздыгъэхэр ягъэуващ. Залым щIэт щэнтжьейхэр зэрахъуэкIащ. Апхуэдизу кондиционер лъащхэр ягъэуващ, мафIэс къэмыгъэхъуным и лъэныкъуэкIэ зыхуэфащэ псори ялэжьащ.

КЪБР-м и Iэтащхьэм республикэм и вице-премьерым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Фырэ Р. Б., щэнхабзэмкIэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къумахуэ М. Л., ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Тутыкъу А. М. сымэ я пщэ ирилъхьащ театрым и мызакъуэу ар зытет утымрэ абы къегъэщIылIа унэхэмрэ я теплъэр зэрыщытынум, ахэр зэрагъэнэхуну щIыкIэм егупсысыну.

Театрым и артист пажэхэм КIуэкIуэ Ю. А. ирагъэблэгъащ къагъэщIэрэщIэжа «Мадинэ» оперэм и премьерэм зригъэхьэлIэну. Ар щэкIуэгъуэ мазэм и кIэм ягъэлъэгъуэнущ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

«Къэралиблым я зэгухьэныгъэщIэ»

Урысей Федерацэм санкцэхэр къыхуагъэува, къэрал нэхъ лъэрыгъэхьэхэм (G8 зэгухьэныгъэ жыхуаIэм) я зэIущIэхэм ирамыгъэблэгъэж щхьэкIэ, дунейм щымащIэкъым абы Iуэху къыдэзыщIэну хуейхэр.

Инджылызым къыщыдэкI «Файнэншл таймс» газетым зэриторыкмкIэ, дунейм къыщыгъуэщ «къэралиблым я зэгухьэныгъэщIэ». Абы хагъэхъэ Бразилиер, Индиер, Индонезиер, Китайр, Мексикэр, Урысей Федерацэмрэ Тыркумрэ. Ахэр я ВВП-мкIэ ятокIуэ G7 жыхуаIэ гупым хыхьэ къэралхэм. Ар доллар триллион 37,8-рэ мэхъу.

Инджылызыр, Германиер, Италиер, Канадэр, США-р, Франджыр, Япониер зыхэт «зэгухьэныгъэжым» и ВВП-р зэрыхъур доллар триллион 34,5-рэщ.

Хэхыныгъэхэм зыхуагъэхьэзыр

Донецкэ цIыхубэ республикэм зыщIыхуагъэхьэзыр абы и Iэтащхьэмрэ парламентым и депутатхэмрэ хэхыным.

ЦIыпIэ хэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм хэзыритамкIэ, Совет нэхъыщхьэм хэтыну хуей партхэм я бжыгъэр куэд дыдэ мэхъу. Абыхэм ящыщу Губарев Павел зи унафэщI «Новороссия», Пушилин Денисрэ Пургин Андрейрэ зи пашэ «Донецкая республика» зэщIэхъеенигъэхэр, нэгъуэщI куэди.

Хэхыныгъэхэр щэкIуэгъуэм и 3-м ирагъэкIуэкIыну траухуат. Иджы ар ямыгъэIэпхъуэу хъунукъым, сыту жыпIэмэ кандидатхэр апхуэдизкIэ куэд мэхъури, ахэр тхыным, кьат дэфтэрхэм я тэмэмагъыр къэпщытэным зэман ихьынущ. Кандидатхэр тхыныр жэпуэгъуэм и 14 пщIондэ екIуэкIынущ. ЦИК-м зэрыщыжаIамкIэ, хэхыныгъэхэр щэкIуэгъуэм и 9-м траухуащ.

Жэпуэгъуэм и 11, щэбэт

♦Жэпуэгъуэм и 11 - 12-хэр Ягъэлъатэ блэхэм я дунейпсо махуэщ
♦Хъыджэбз цIыкIухэм я дунейпсо махуэщ
♦Башкортостан Республикэм и къэралыгъуэм и махуэщ
♦1941 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэм къыдигъэкIащ республикэм и усакIуэхэм я Iэдакъэщ1кIэхэр зэрыт «Iэщзэр къафщтэ» тхылъыр.
♦1961 гъэм Семипалатинск и губгъуэхэм япэуэ щагъэунэхуащ щIы щIагъым къыщагъэуа ядернэ бомбэр.
♦Полицэм и генерал-майор, КЪБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Кумыщ Мухьэрбий** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриторыкмкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щIыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 13, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 12, *тхьэмахуэ*

♦Къупщхьэ узым ебэныным и дунейпсо махуэщ
♦УФ-м и МВД-м и медицинэ Iуэхущ1апIэхэм я махуэщ
♦1897 гъэм Урысейм щыпIэу футбол зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ.
♦1957 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэIуахащ. Абы и япэ ректору агъэуват Бэрбэч Хьэтlутlэ. Иджы абы и цIэр а еджапIэ нэхъыщхьэм зэрехьэ.
♦Боливием, Босниемрэ Герцеговинэмрэ я президентхэмрэ парламентхэм я депутатхэмрэ щыхах.
♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Быж Алий** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокIу.
♦КЪБР-м, Ингушым, Осетие Ипщэм щыхь зиIэ я артистхэ **КIрым Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриторыкмкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щIыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 13, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 13, *блыщхьэ*

♦1792 гъэм Унэ Хужьыр (США) ухуэн щIадзащ.
♦1884 гъэм Гринвичыр Меридианым техуэу ягъэуващ.
♦1904 гъэм Тэрч-Кубань полкым хьыхь адыгэ шу гупым хэтхэм зыкъаIэтащ.
♦1941 гъэм Инджылыз авиацэм Нюрнберг бомбэхэр щридзыхащ.
♦1944 гъэм Латвием и къалащхьэ Ригэ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.
♦Къэрал, парт лэжьакIуэ, политик, КЪБР-м и мэкъумэшымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэщ1эл Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриторыкмкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щIыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 17, жэщым градуси 10 - 12 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящIэн папщIэ

Нобэ, 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым зи пIалъэр къэмыса и зэIущIэр КЪБР-м и Парламентым и Унэм щекIуэкIынущ.

ЗэIущIэр къыщыдзэIуахынур сыхьэт 11-рщ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Гу зылъытапхъэ

КЪБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ корпупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

■ Хъыбарыщ1эхэр ■ Махуэгъэпс

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Фэепгъ ■ Малъхъэдис

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Къулыкъу лъагэхэм ягъэувынухэм я кандидатурэхэр къыхалъхьэ

Законхэр къыдэзыгъэкI органым и зи чэзу зэIущIэр дыгъуасэ екIуэкIащ. Ар къыщыдзэIуихыж КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ депутатхэм яжриIащ КЪБР-м и Конституцэм и 81-нэ статьям и «а» пунктым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1у Мусуков Алий Тlэхьир и къуэр зэрагъэувым Парламентыр арэзы техъуэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. абы и кандидатурэр къыдэзрыхилъхьэр.

- АБЫ КЪЫДЭКIУЭУ, - къиргъэлъэгъуащ Парламентым и Унафэщ1ым,- Федерацэмкlэ Советым хэтым - Урысей Федерацэм и субъектым и къэрал властым законхэр къыдэзыгъэкI и органым къыбгъэдэкI и лЫкIуэм и полномочиехэр зэратымкIэ унафэр щIэуэ хаха Парламентым къыщтэн хуейщ, ялэ зэIущIэр щригъэкIуэкIам щегъэжьауэ зы мазэм къриубыдзу. Апхуэдэу Къэзыпщытэкъэзыбж палатэм и унафэщIыр нэхъ пасэу трагъэкIамэ, а къулыкъум ягъэувынум и кандидатурэр зы мазэм къриубыдзу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщыхалъхьэн хуейщ. КЪБР-м и Конституцэм и 81-нэ статьям и «з» пунктым тету КЪБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и унафэщ1у ягъэувын папщIэ КЪБР-м и Iэтащхьэм Марьыш Иринэ Евгений и пхъум и кандидатурэр къыхилъхьащ.

А Iуэхуэхэм хэплъэн папщIэ унафэ ящIащ КЪБР-м и Парламентым зи чэзур къэмыса и зэIущIэр 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м сыхьэт 11-м КЪБР-м и Парламентым и Унэм щрагъэкIуэкIынущ.

Президиумым и зэIущIэм щытепсэлъыхьащ «2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм КЪБР-м и республикэ бюджетым и Iуэхуэ1э» КЪБР-м и Законым зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэ1э» законопроектхэм. Апхуэдэу депутатхэр хэплъащ УФ-м и Псэупсэ, къалэуэрэ кодексым зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэным хуэгъэзащ УФ-м и адрей субъектхэм я парламентархэм къагъэхьа жэрдэмхэм, апхуэдэу унэхэр зэрагъэплъ и уасэр зыхуэдизымрэ ар зэрат щIыкIэмрэ гъэувынымкIэ Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и органхэм хуитынигъэ етыным теухуауэ Мурманскэ областым и Думэм Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1 Медведевым Д. А. зэхъуэкIыгъаззм. КЪБР-м и Парламентым и Президиумым хэтхэм апхуэдэу даIыгъащ курыт еджапIэхэм, курыт Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм, вузхэм щIэсхэм ящыщу наркотикхэр, акъылыр зэIызыгъэхэз нэгъуэщI щхьэхьэхэр зэзыхьэлIэу щIэзыдзахэр пасэу кьахутэникIи ягъэхъужын папщIэ медицинэ къэпщытэныгъэхэр зэрыратыжыкI щIыкIэр зэблэзыгъэкI хабзэ мардэ пыухыкIа Урысей Федерацэм Узыншагъэр хуымэнымкIэ и министерствэм зэхилъхьэу къищтэным теухуауэ зэрызыхуагъаззр.

Зытепсэлъыхьа Iуэху псори дэгъэкIынымкIэ унафэ пыухыкIахэр кьащтащ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● ЖКХ

Лэжьыгъэфl къыдохьэлIэ

Налшык и «Водоканал» муниципальнэ IэнатIэм и унафэщI Бэрэгъун Тимур бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрызыхуагъэхьэзырам топсэлъыхь.

- НАЛШЫК и псы зэхуэхьэсыпIэ 12-ми лэжьыгъэ щхьэхуэхэр къыщрахьэлIащ: кхъахэ хъуа бжьамийхэр кьанэ щымыIэу щыгъэрахъуэкIащ Ленинымрэ Къуэныкъуеймрэ я уэрамхэм я зэпыхьэпIэхэм, Люксембург, Грибоедовым, Чеховым, ХьэтIохъуэщокъуэм я цIэхэр зезыхь, Балъкъар, Малокабардинскэ уэрамхэм, кьищынэмыщIауэ, лъэсырыщIэкIуэхэм яйуэ дяпэкIэ щытыну яубзыхуа Къэбэрдей уэрамым.

Псы зэпылъхьэпIэхэм я насос станцхэри зыхуей хуагъэзащ. Псори зэхэту сом мелуани 10 и уасэ лэжьыгъэ зэфIагъэкIащ. Къапэщыт къалэнхэм я процент 90-р кьрахьэлIауэ жыпIэ хъунущ. Къалэдэсхэр зэфэну псы къабзэмкIи къагъэсэбэпынымкIи тхьэусыхафэ ямыIэу бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэр кьетхьэлIэну догугъэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Мустафаев Магомед илъэсым и дохутыр нэхъыфIщ

● Хъыбар гуапэ

Хабзэ хъуащи, гъэ къэс къэралым щокIуэкI «Илъэсым и дохутыр нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэр. Абы ыждэжру хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и медицинэ лэжьакIуэхэри. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм щытекIуащ Республикэ сымаджэщым жьэкъупщхьэмрэ нэкIумкIэ и хирургие къудамэм и унафэщI, УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр, профессор Мустафаев Магомед. Абыкlэ хъыбар дигъэщIащ КЪБР-м Узыншагъэр хуымэнымкIэ и министерствэм и пресс-IэнатIэм.

ЗЭПЕУЭМ и унэтIынигъэ зэмылIэужьыгъуэхэм мы гъэм пашэ щыхъуащ псори зэхэту дохутыри 123-рэ. Ахэр Москва ирагъэблэгъащ икIи Iуэхум кьыхуэзэрагъэпэща гуфIэгъуэ зэIущIэм щагъэлъэпIащ. Лужниким щыIэ «Урысей» Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэ нэхъыщхьэм щекIуэкIащ зэхуэсыр. УФ-м узыншагъэр хуымэнымкIэ и министр Скворцовэ Вероникэ текIуахэм ехъуэхъуащ, зэпеуэм ипщIэмрэ мыхьэнэмрэ илъэс кьэс нэхъ ин зэрыхъури къыхигъэщащ.

- Хуабжьу ди гуапэщ «Илъэсым и дохутыр нэхъыфI» цIэ лъагэр зыхуагъэфащэхэр зи Iэщlагъэм гурэ псэкIэ ипэжыпIэкIэ пэрыт, къыдэлажьэхэмрэ сымаджэхэмрэ пщIэшхуэ зыхуащI лэжьакIуэхэу зэрыщытыр, - жиIащ абы.

Зэпеуэм щытекIуахэм абы щыхьэт техьэу дипломхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ ираташ. Къыхэдгъэщынщи, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щыщу Мустафаев Магомед и закъуэщ зэхьэзэхуэм и иужьрей Iыхьэм нэсу цIэ лъапIэр зыхуагъэфэщаг.

ТАМБИЙ Линэ.

● ЗэIущIэхэр

Партым и гулъытэ

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и хэщIапIэм иджыблагъэ щекIуэкIащ зэIущIэ гуапэ. Партым и гулъытэ, «Урысей зэкъуэтым» и цIэкIэ стипендие щхьэхуэ, ялысащ ди республикэм и ныбжьыщIэ гупым.

2014 - 2015 гъэ еджэгъуэм «Урысей зэкъуэт» партым и стипендиату щытынущ курыт школхэм я еджакIуэ 33-рэ, курыт щIэныгъэрэ Iэщlагъэрэ щрагъэгъуэт еджапIэм и зы студентрэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэт ныбжьыщIэ 11-рэ. Еджэнми жылагъуэ гъащIэми щыжьджэр а щIалэгъуалэм гуапэу ехъуэхъуащ партым и щIыналъэ къудамэм и политикэ советым хэтхэр.

- Мы проектыр къызэрыхэтлъхьэрэ илъэс 13 хъуащ. Абы лъандэрэ партым и апхуэдэ гулъытэр ягъуэтащ ди республикэм и ныбжьыщIищ1эхэм. Ахэр ныбжьыщIэхэм сызлажьащ еджэным, щIэныгъэм, творчествэм щызэIэрагъэхьэ ехъулIэныгъэ лъагэхэмкIэ, - жиIащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и секретарым и къуэдзэ Канунниковэ Татьянэ. - Апхуэдэу партыр ядэIэпыкъунущ щытыкIэ гугъум ихуа сабийхэм, социальнэ стипендиехэр яхуигъэувурэ.

НыбжьыщIэхэм зэIущIэм щратыжащ хуагъэува стипендиехэм щыхьэт техьэу сертификатхэр.

КЪАРДЭН Маритэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЩIэныгъэрэ Iэщlагъэрэ зэкъуэщ.

● Энергетикэ

Паспортыр къратыж

**«Кавказ Ищхъэрэм и щыналъэхэм этлитокъарур ятеэыгъашэ компание» ОАО-м, кІэлъыплъакІуэ, къэпщытакІуэ ІэнатІэхэм я лЫкІуэхэр зыхэта комиссэм къигъэлъэгъуащ МРСК-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и псэуалъэхэр бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм фІагъ хэлъу и чэзум зэрыхуагъэхьэзырыр. ЭлектроІэмэпсымэхэр, ток къарур лІэужьыгъуэ псоми я кІапсэхэр, автотранспортыр, механизм хэхахэр, щыІэ программэм тету, лэжьыгъэм хуагъэпсащ, зыхуеину пкъыгъуэхэр, дагъэ гъэсыныпхъэхэр зэрагъэпэщащ, къызэрыкІуэ щытыкІэ къэхъу хъужьыкъуэмэ, абы зэрыпэщІэтыну гъэтІылъыгъэхэр иракъуу яІэщ.

Къэпщытэныгъэр зэфІэкІа нэужь, Іэзхущ1апІэр бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрыкуэщІам теухуа актым комиссэм хэтхэм Іэ щІадзащ икІи «Кавказ Ищхъэрэм и МРСК» акционер обществ зэІухам техникэ зыужьыныгъэмрэ инновацэмкІэ и департаментым и Іэтащхьэ Десюк Александр щІыналъэ ІэнатІэр лэжьыгъэм зэрыхуэхъэзырым и паспортыр абы и унафэщІ Гъбжокъуэ Юрэ хэтыращ.

КъызэрыхагъэщамкІэ, пчымышленнэ, мафІэс шыналъэнщагъэм, лэжьыгъэр хъумэным пыщІа Іэзхугъуэхэр зэрагъэзащІэм ткІийуэ кІэлъоплъ. Зэрагъэувам тету, щытыкІэ гугъуэхэм къызэрикІынчм хуагъасэ, абыхэм ялэщІэтыну гуп щхьэхуэхэр къызэрагъэпэщащ, щымахуэ лъэхъэнэм зыхуеину Іэмэпсымэхэр, щыгъын хэхахэр, токым зэрызыщхьэмунэхэр иракъуу зэрагъэпэщащ.

Электрокъарур зэрыІуач, зэрыІуадзэ, зэрызэщхьэщах, къэхъукъащІэхэм зэрапэщІэт, зэтезыхуэу, технологие, связь Іэмэпсымэхэр Іэзхум хуэхьэзырщ. Токыр зыхуаутІыпщхэм щІыІэм и зэранкІэ ар тэмэму щаІэрыпмихьэ къэхъунукъым, бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм электросетхэм я псэуалъэхэр Іэзхуаеу лэжьэнчу, абы и лъэныкъуэкІэ щыщІэныгъэ къэхутакъым. Киловатт 35-110-м хуэщІа кІапсэхэр, кабелхэр, подстанцхэм я Іэмэпсымэхэр зытещІыхьа пъщІагъэм я пщыналъэхэм къотІасэ.

Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэ диспетчер управленэм деж щызэхуагъакІуэри, ток кІапсэхэр Іумылым зэрыщащхъумэну щыкІэм теухуа лэжьыгъэхэр зэраубзыхуам тету ирагъэкІуэкІащ, Іэмэпсымэхэм я зэфІэкІым кІэлъыплъащ, Іумылыр зэрыгъэткІупхъэр гугъэзагъэу пщыкІуплІрэ кащыщІатащ. Бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырыным пыщІа Іэзхугъуэ 83-р кІаная щымыІэу зэфІагъэкІащ.

Киловатт 35-110-рэ зрикІуэ линэу километри 150-м кІэлъыплъащ, электрокъарур щызэблэкІ щІыпІэу гектар 90-м нэблагъэ ягъэкъэбзащ, ток кІапсэу километр 290-м нэс яхъуэжащ.

Подстанцу 73-рэ, трансформатор пункту 275-рэ ремонт ящІащ, трансформатору 102-рэ, дагъэкІэ лажьэ зэрыІуач Іэмэпсымэу 738-рэ, зэпэщІэзэхыхьм хуэдэу 385-рэ зэрагъэпэщІыжащ.

Зэрыщыту кащтэмэ, щыналъэ къудамэр щІымахуэм хуэгъэхьэзырыным теухуа программэр гъэзэщІэным сом мелуани 157,5-рэ хухахащ.

КъызэрымыкІуэ щытыкІэ къэхъу хъужьыкъуэмэ, абы зэрыпэщІэтынум зэрызыхуагъэса щыкІэми комиссар арэзы техъащ.

«Кавказ Ищхъэрэм и МРСК» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Къэрал комитетхэм

КъызэрыгуэкІщ икІи сэбэп зыпылъщ

Псыуэ, газу, токрэ хуабэу къагъэсэбэлыр зыхуэдизыр зэуІуу къызэрыпэтэ Іэмэпсымэхэр щамыгъэуа псэупІэ унэхэм, фэтэрхэм, унагъэхэм коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэм щыхуэзэ коэффициентым хагъэхъуэну хуит зыщІ федеральнэ законодательствэм и хабзэ мардэм 2015 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ къару егъуэт. Илъэс нкъуэ къэс коэффициентыр проценти 10-кІэ яІэтынущ, апхуэдэ Іэмэпсымэхэр зимыІэхэм 2017 гъэм коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэм пэкІуэм процент 60 щхьэщатыкІынущ.

ПСЭУПІЭР зейхэм я кІаланщ счётчикхэр къащхуэу езыхэм ягъэувыну. Ауэ коммуналнэ ІуэхутхьэбзэщІапІэхэм ягурыІуэу Іэмэпсымэхэр трагъэзгъуэзну хуитщ, апхуэдэ Іэмали яІэщ. Сыту жыпІэмэ, псыуэ, газу, токрэ хуабэу яІэрыхьэр зыхуэдизыр къызэрапытэ Іэмэпсымэхэр гъэувыным, хъуэжьным, къагъэсэбэпыным пыщІа пщэрыльхэр абыхэми хабзэм кьалэн яІэщ.

А Іэнатіэхэр хуиткъым Іэмэпсымэхэр зэрагъэув, зэрахъуэж, къызэрагъэсэбэп щІыкІэр зэрызэхуагъакІуэм теухуа зэгурыІуэныгъэ захуэзыгъэзахэм ирамыщІыпІэну. Хуэзэну уасэр пІэныкъуэхэм ягъэбелджылых. Гъэувыпщ1эр илъэситху пІалъэкІэ зэщхьэщахми, законым зэрыжиІэм хуэдэу, нэгъэщІ Іэмалхэр къагъэсэбэлми хьунущ.

Зэрыщытращ, я щхьэкІэ я Іэзгъуэ къагъэсэбэпыну счетчикхэр 2015 гъэм щІышылэм и 1-м нэсыху псоми ягъэувын хуейщ. Ахэр къызэрыгуэкІщ икІи сэбэп зыпылъщ. Фи унэм щІыпсэуэхэр зэхуэфІэзэн, я Іуэхур фейдэ хэлъу, езэгъыпрабгъуу зэрызэфІэфхэмрэ вгъэбелджылы.

КъБР-м Энергетикэмрэ тарифхэмкІи и къэрал комитетым и гкэтхр. рф сайтым фызыщІэупщІэнухэр нэхъ зэпкърыхауэ къыщыцІэрытынущ.

ГУЗЕЕВЭ Индирэ.

● Зэпеуэхэр

Унэ блынхэр егъэдахэ

Бахъсэнэнкэ къуажэм щагъэльэпІащ «Унэ лъапсэ нэхъыфІ-2013» зэпеуэм щытекІуэхэр. Зэхьэзэхуэм кърикІуам ипкъ иткІэ, унагъуэ 30-м дипломхэмрэ блын дамыгъэхэмрэ иратыжащ.

МЫ ІУЭХУ щхьэпэр зи жэрдэмыр къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Абрэдж Хьэутийщ.

Депутатхэмрэ жылагъуэ лЫкІуэхэмрэ зыхэта комиссэм лъапсэхэм я кьабзагъэр, я зэІуэзэпэщагъэр, щхьуантІагъэхэм зэрыщегугъуар, коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр и чэзум зэратыр кьилъытащ.

«Пъапсэ нэхъыфІ» дамыгъэм текІуэхэм я унэ блынхэр игъэбжьыфІэнущ, апхуэдэу къагъэсэбэп псым пэкІуэр илъэс псокІэ щхьэщахьнущ.

АБАЗЭ Лерэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Зэуіуу лэжьыпхъэхэр ягъэбелджылы

КъБР-м и прокурорым и къудамэ Махуэ Артур иригъэкІуэкІащ коррупцэм пэщІэтынымкІэ Іуэхущ1апІэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым и зи чэзу зэІущІэр. Абы хэтащ республикэм и хабзэхъумэ, кІэлъыплъакІуэ ІэнатІэхэм я лЫкІуэхэр.

ЗЭХЫХЬЭМ щызэпкърахащ 2014 - 2015 гъэхэм коррупцэм ебэныныкІэ Іэнатіэхэм ятеухуауэ 2014 гъэм мэлыжьхьэлыи и 11-м УФ-м и Президентым и Указ №226-мкІэ кІащта Лъэпкъ планыр гъэзэщІа зэрыхъур, коррупцэм пыщІа щІэпхъаджагъэхэр къэхутэным, къызэпыудыным хуэунэтІауэ хабзэхъумэ ІэнатІэхэм мазибгъум зэфІагъэкІар, къат куэд хъу унэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным, псэупІэжьым щІыхэр къыщІэгъэІэпэхъуКІыным мылъку щІыхэхяхкІэ икІи ар къыщагъэсэбэпкІэ (федеральнэ законодательствэм зэрытетыр къызэрапщІам къриІуахэр.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ хэІущІыІу хъуа коррупцэ щІэпхъаджагъэхэр зэрызэхагъэкІ щыкІэми.

Зэхыхьэм щызэгурыІуащ коррупцэ хьэгъэщагъэхэр къэхутэным, къызэпыудыным, емыгъэлжьыным зэзІуу ебэныну, апхуэдэу кІэлъыплъныныгъэ, къэлъыхъуэныгъэ, уголовно-процессуальнэ Іуэхухэм пыщІауэ зэфІэгъэкІыпхъэхэр щагъэбелджылащ.

Коррупцэм пэщІэтынымкІэ законодательствэр зэрагъэзащІам кІэлъыплъныныр прокуратурэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Абы къызэкІыу, щыхуэмрэ организацэхэмрэ зыфхудогъаззэ коррупцэ хьэгъэщагъэ зэрахьэу гу лъыфтэмэ, хьыбар къыдэгъэщІэну.

Ди хэщІапІэр: КъБР-м щыІэ МВД-м (Налшык къалэ, Кулиевым и цІэр зезыхьэ уэрам, 10, телефонхэр: 02; 49-50-62), ФСБ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм (Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 4, телефоныр: 48-15-81), УФ-м Следствэмкіэ и комитетым и щыналъэ Іуэхущ1апІэм (Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 36, телефоныр: 77-64-22), КъБР-м и прокуратурэм (Налшык къалэ, Кулиевым и цІэр зезыхьэ уэрам, 16, зэпымыууэ лажьэ телефоныр: 40-45-51, электронэ почтыр-prokuror-kbr.ru).

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Махуэшхуэхэр

ЩІеблэм дунейр къыхуэзІуах



Налшык дэт прогимназие №34-м иджыблагъэ щагъэлъэпІащ Гъэсакіуэм и махуэр. Гуфіэгъуэ зэхуэсым кърагъэблагъащ а Іэнатіэм и лэжьакІуэ нэхъыфІхэр: сабий садхэм я унафэщІхэр, гъэсакІуэхэр, школ кІуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм ядлажьэ Іэщ1агъэлІ зэмылІэужьыгъуэхэр, щыкІуэхэр зыхуей-зыхуэфІ хуэзыгъаззэхэр, абыхэм якІэлъыплъхэр. Ахэращ сабийхэм гъэсапІэм щагъакІуэ зэманыр купщІафІэ, хьэлэмэт, къызыхуэтынщэ махуэ къэс зыщІыр, къытщІэхъуэ щІэблэм дунейр къахуэзІуэзыхыр.

МАХУЭШХУЭМ гъэлъэгъуэныгъэ гъэщІэгъуэн къыхуэзрагъэпэщащ. Республикэм и гъэсапІэ нэхъыфІхэм я лэжьакІуэхэр кьекІуэлІахэм ядэгъэщащ я Іуэху зехьэкІэ гъэрытымкІэ, творческэ екъулІэныгъэхэмкІэ, гъэ еджэгъуэщІэм хуэІэ мурадыфІхэри къагъэнэІуащ.

- Нобэрей махуэр ди гъэсакІуэхэм я зэфІэкІ лъагэхэр, ябгъэдэлъ Іэзагъыр щагъэльагъуэ гуфІэгъуэ зэхуэс купщІафІэщ, - жиІащ а Іэщ1агъэм ирилажьэхэм екъуэхуэну зэІущІэм зыкърезыгъэхьэлІа, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министр **Емуз Ниня**. - Гъэлъэгъуэныгъэм щагъуазэ зыхуэзыщІ дэтхэнэми, шэч хэмылъу, нэрылъагъу щыхъунущ мы Іэнатіэм пэрытхэр зи Іэщ1агъэмкІэ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ щІыхь зэчиифІэхэу зэрыщытыр. Апхуэдэу сигу кьІэщ зы Іуэхугъуэ: ди гъэсакІуэхэм я лэжьыгъэ нэхъыфІ дыдэхэр щыдгъэпсагъуэ хъунущ ди кьалащхьэм и музей-хэм ящыщ щыІ. ИтІанэ абыхэм щІыхь нэхъыбэм щагъуазэ зыхуащІыфынут.

Министрым зэрыжиІамкІэ, мы илъэсым къызэІуахынущ иджыри гъэсапІи 7. Махуэшхуэ гъэлъэгъуэныгъэм жыджэру зэрыхэтам щхьэкІэ, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм къыбгъэдэкІ фІыщІэ тхьилъэр Емузым яритащ егъэджэныгъэмкІэ район, кьалэ ІэнатІэхэм я унафэщІхэм.

Я махуэшхуэмкІэ гъэсакІуэхэм гуапэу екъуэхъуащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къудамэ **Жанатаев Сэлим**, КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм деж щылажьэ жылагъуэ советым и тхьамадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**.

Гуфіэгъуэр я уэрэдхэмкІэ яІэтащ КъБР-м и цІыхубэ артист Шэджвхьэщіэ Аслъэнбий, КъБР-м щыхь зиІэ и артистхэу Шал Хъусенрэ Хьэхъупащіэ Амырхъанрэ. Апхуэдэу зэхуэсым кьрихьэлІахэм я пащхьэм зыкъыщагъэльэгъуащ республикэм и сабий садхэм я гъэсэн щыкІухэм. Я унэтІыкІуэхэм я гукъыдэжьыр кьаІэту, ахэр кьэфащ, уэрэд жаІащ, усэ кьеджащ.

НЫБЖЬ Таисэ.

● Псапэ

Украинэм доІэпыкъу

Жэпуэгъуэм и 8-м Налшык икІыу Украинэм гуманитар дэІэпыкъуныгъэ хуащащ. Ставрополь крайм, Осетие Ищхъэрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Щэрджэс республикэхэм я коммунистхэм зэхуахьэсауэ.

УФ-м и Коммунист партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и апэ секретарь **Пащты Борис** къыхигъэщащ Украинэм зэуэ кьыщыщІысхьэ апэ махуэхэм щыщІэдзауэ абы щыпсэу щІыу мамырхэм республикэм исхэр зэрадэІэпыкъуэр. Коммунист партым къэралым щІэ хуудамэхэм щызэхуахьэса зэхэпщІыпхэр, ерыскъыпхъэхэр зэрылъ машинэхэр бэрэжьей къэс Украинэм ягъакІуэ. Абыкіэ ахуэзфІэкІ къагъанэркъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и коммунистхэмрэ Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм щыщу абыхэм я нэ ыбжьэгъуэхэмрэ.

Пащты Борис республикэм щыпсэухэм, жылагъуэ зэгъэхьэныгъэхэм, политикэ партхэм фІыщІэ яхуищІащ гущІэгъу зэрахэлъым, гузэвэгъуэ хэхуахэм ядэІэпыкъуну, псапэ ялэжьыну гупыж зэращІам папщІэ.

- Мамыру зи хэку исыжу щыта цІыхухэм лъэпкъгъэкІуэдыр гущІэгъуныншэу къызэрыхагъакІуэр ди нэгу щІокІ. Дэ едгъэкІуэкІ псапэ Іуэхумкіэ догъэпагъуэ фашизмэм пэщІэтхэм дазэрыкІуэтыр, мамырыгъэм дызэрителъхьэр, - жиІащ Пащтым. - Украинэм зауэ къызэрыщыхъурэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и коммунистхэм кьабгъэдэкІыу сом мин 800-м щІигъу и уасэ гуманитар дэІэпыкъуныгъэ хэзгъащІ а республикэм. Псапэ Іуэхум нэхъыжьхэри нэхъыщІэхэри я гуапэу къыхьэхащ. Іэхэур къыщыщэдгъэпэщыщым Бьыф Анатолэ хуэдиІэ къыддэІэпыкъуащ.

Республикэм къыбгъэдэкІыу Украинэм хурагъэщащ, япэрауэ, пІалъэ кІыхькІэ зэмыкІуэкІыу щыпІ ерыскъыпхъэхэр: хьэжыгъэ, хугу, крупа хуэдэхэр, фІэІугъэ зэхуэмыдэхэр, хущхъуэхэр. ЩІыналъэм щыпсэуэхэр псыкІэ гугъу зэрехьыр псоми ящІэ, аращ куэд мыщІэу Украинэм псы тоннипщІ хурагъэшэнщ къызыхэкІари.

Іуэхум зыкърезыгъэхьэлІахэу КПРФ-м и Комитет нэхъыщхьэм и секретарь, Къэрал Думэм и депутат **Тайсаев Къазбэч**, УФ-м и коммунист партым Осетие Ищхъэрэ-Аланием щІэ и къудамэм и апэ секретарь, республикэм и Парламентым КПРФ-м щІэ фракцэм и унафэщІ **Разумкинэ Еленэ**, партым и Ставрополь край комитетым и секретарь, а щІыналъэм и Думэм коммунист партым щІэ фракцэм и унафэщІ **Лозовой Виктор**, Пащты Борис я гъусэу дамыгъэ плъыжь эытет гуманитар дэІэпыкъуныгъэр Украинэм ирагъэжьащ, хуэныкъуэхэм ахэр яхуэщІхьэпэну хъуахъэри.

Тайсаевым жиІащ Украинэм и цІыхухэм защІэзыгъакъуэ дэтхэнэми фІыщІэ зэрыхуащІыр. Апхуэдэуи къыхигъэщащ гузэвэгъуэм зи щхьэ къыхэзыхыу Къэбэрдей-Балъкъэрыр пІалъэкІэ псэупІэ зыщІа украинхэр республикэм и унафэщІхэм, «Налшык» зыгъэпсахупІэм и тхьэмадэм зыхуей зэрыхуагъаззэм зэрыщІыгъуаззэр.

Лозовой Виктор къыхигъэщащ Украинэм кьикІыу я щІыпІэм къэІэпхъуахэр псори псэупІэкІэ къызэрызэрагъэпэщащ, лэжьыгъэ яІэныкІэ зэрадэІэпыкъуэр, я нэІэ сыткІи зэратетыр.

Луганскэ, Донецкэ областхэм щыпсэу щІыпу мамырхэм зыхуэныкъуэхэмкІэ япэІэбэн папщІэ ахъши зэхалъхьэ. Налшык и щІыпІэ зэхуэмыдэхэм палаткэ плъыжьхэр щагъэувынущ, Украинэм ирагъэшэну хьэпшыпхэр, ерыскъыхэкІхэр щызэхуахьэсын папщІэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Къумым и кхъухьхэр

КъБР-м и Лъэпкъ музейм къыщызэІуахащ Къуэкіыпіэм и музейм, Москва дэтым, щахъумэ хьэпшыпхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. «Корабль пустыни» зи фІэщыгъэ выставкэм и лъабжьэр Къуэкіыпіэ къэралхэм, щІыпІэ хуабэхэм щыпсэу, зыщІэсыжьыр, хьыбарыжь куэд къызыдэгъэгурыкІуэ, къумым и кхъухьу яльытэ псэущхьэпІ - махъшэрщ. Абы утыку къыщІахьащ Азие Курытымрэ Кавказымрэ щыпсэу лъэпкъэхэ я живопись, графикэ лэжьыгъэхэр, декоративно-прикладной гъэзэджэм и хьэпшыпхэр.

МУЗЕЙМ и блынхэм фІэльщ махьшэм и теплъэм тращыІыкІа сурэтхэр, и пэшым щигъэзывыкІащ абы ирахьэлІа, а псэущхьэмкІэ пшахьэущІэхэм зыгуэрхэр щызэпрашкІэ къагъэсэбэп хьэпшыпхэр, нэгъэущІэхэри. Алэрыбгъэхэр, керамикэ хьэпшып лІэужьыгъуэхэр, махъшэм теухуа тхыгъэхэр зыгет графикэ листхэр - ахэр, къанэ щымыІэу, щыху гъащІам, псэуныгъэм епхащ, апхуэдэу щыхъыкІи, ди нэгу щІэкІ псори щІыхуІэм кІыгъэщІарэ щІыхупсэм пэгъунэгъу защІощ.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** гъэлъэгъуэныгъэр къыщыдзэІуихым жиІащ мы зэІущІэмкІэ къагъэлъэгъуну зыхэтар Къуэкіыпіэ Гъунэгъум щыІа дэтхэнэми къызэрыгурыІуэнут, щІыхь Іэпхъуэщапхъуэхэм я гъащІэм мащІэ-кудми мы гъэлъэгъуэныгъэм щыгъуазэ уэрыхуищІынур, абы увыпІэ хъарзынэ махъшэм зэрыщІыпІыгъэр.

Къуэкіыпіэм и музейм и унафэщІм щІэныгъэ лэжьыгъэхэмкІэ и къуэдзэ **Мкрытчев Тигран** къызэхуэсахэм гуапэу зауигъэзащ. Ар кІэщІу къытеувыІащ зэман куэдкІэ мышхэу икІи псы емыфэу псэуф псэущхьэ бэшэчыр илъэс мини 4,5-рэ и пэкІэ Іэсэ ящІауэ нобэми щІыхухэм кьаззэрыдекІуэкІым, Къуэкіыпіэ щІыхэм щыпсэу щІыпхъэхэм я щэнхабзэм махъшэр гупыІэтэ лей зыхуэщІыпхъэу къызэрыхэнам, зэрызекІуэ Іэмалым и мызакъуэу, абы ицри къызэрагъэсэбэпым, нэгъэущІэхэм.

Лъэпкъ музейм и унафэщІ **Накуэ Феликс** къыхигъэщащ илъэс зыбжанэ хуауэ Къуэкіыпіэ музейм ирагъэзэр зи тхьэмадэ Іуэхущ1апІэмрэ, зэрызэрахьэлІауэ щытам тету, лэжьыгъэкІэ зэрызэпэщІар. «Илъэс зыбжанэ и пэкІэ ди музейм Москва щигъэзэгъуауэ щытащ и гъэтІылъыгъэхэр, иджы езыхэр кьытхуеблэгъауэ аращи, ди зэпыщІэныгъэр абдеж, тхьэм жиІэмэ, щиухыжькъым», - жиІащ Феликс.

Толстой Лев и цІэр зезыхьэ щэнхабзэ центрым (Москва) Железноводскэ щІэ къудамэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ **Аккерманцевэ Инна** гуапэу тепсэлъыхьащ налшыкдэсхэмрэ абы и къэдзэхэмрэ музейм и пэшым щызэхуэзышэса зэІущІэм, ар зэрыфІэгъэщІагъэнам.

Гъэлъэгъуэныгъэм еплъыну хуейхэм Іэмал хъарзынэ фиІэщ: ар щэкІуэгъуэм и Іэ хъуэ екІуэкІынущ.

ХЬЭТУ Джэбрэил.

● Гуэлъытэ

Жьым фымыщІ и жагъуэ

Зи ныбжь хэкІуэтахэм я махуэр Іэтауэ щагъэлъэпІащ Жьы хъуахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ щапІыжу Налшык дэт унэм. Хабзэ дахэ хъуауэ, илъэс къэс жэпуэгъуэм и 1-м я Іуэхущ1апІэм хуоблагъэ Сабийхэм эстетикэ гъэсэныгъэ етынымкІэ центрым, Къэзанокъуэ Жэбагъы и цІэр зезыхьэм, и лэжьакІуэхэмрэ и гъэсэнхэмрэ.

-ЮНЕСКО-м и ассамблее нэхъыщхьэм 1992 гъэм унафэ кьищтауэ щытащ нэхъыжьхэм гулъытэ щыхуищІ, щагъэльапІэ махуэр къыхэгъэщхьэхукІыным ехьэлІауэ, - жиІащ Жьы хъуахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ щапІыж унэм и унафэщІ Абазэ Сусаннэ. - Адрей щІыпІэ псоми хуэдэу, жэпуэгъуэм и 1-м ди Іуэхущ1апІэм щыдоІэт а махуэр, зымащІэкІэ нэхъ мыхъуми ди нэхъыжьхэр гъэлъэпІэныр ди гуращэ нэхъыщхьэу. Бжьыхьэм ирихьэлІа а Іуэху гуапэм илъэс кьэс дэ къыхтуоблагъэ Сабийхэм эстетикэ гъэсэныгъэ етынымкІэ центрыр, ди деж щыІэ нанэхэмрэ дадэхэмрэ я гукъыдэжьыр кьаІэтрэ я нэгу зрагъэужьу. Ди гуапэу гулъытэ къызэрытхущІыр, фи пщІэр лъагэ тхьэм ищІ!

Зи махуэр зыгъэпэлІэнэм хьэщІэхэм кьабгъэдэкІыу ехьэхъуауэ Сабийхэм эстетикэ гъэсэныгъэ етынымкІэ центрым и унафэщІ Къунькъ ХьэІишэт. Абы фІыщІэшхуэ яхуищІащ зыхуеблэгъэ Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэм, дапщэщи кьабгъэлъабзэу, нэхъыжьхэр зыхуей хуэзэу, я ерыскъыпхъэ щыгъыныкІэ къызэрэгъэпэщауэ къызэрырихьэлІэм папщІэ. «Псапэщ, Тхьэм гъуэгу кьывитынщ мыпхуэдэу гудзакъэ фиІэу лІыжь-фызыжьхэм фаззэрыбгъэдэтым щхьэкІэ», - жиІащ ХьэІишэт. Апхуэдэуи къыхигъэщащ мызэкІэ лей кьатехьауэ, кьалъхуахэмрэ Іыхьлы-хэмрэ гулъытэ къыхуамыщІыжу кьащхьэуми, шейдефэу къыхуаша Іэфы-кІэхэм хуэдэу дяпэкІэ я гьащІэр Іэфы щытыну зэригуапэр.

Жьы хуэахэр щапІыж унэм щыІэхэм ирагъэльагъуну ягъэхьэзыра концерт дахэм щІидзащ. Центрым и зы къудами къэмынами ярейт, апхуэдизкІэ лъэныкъуэ куэдкІэ ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІ ягъэльагъуэрти. Зи закъуэу уэрэд жызыІэхэр щагъэхьэзыр, спорт, бальнэ, иджырей кьафэхэм, адыгэ кьафэм, актёр Іэзагъэм щыхуагъасэ студиехэм екІуэлІэ щІалэгъуалэм я макъым и жьгъыруугъыр ягъэльэгъуащ, я лъэгуи дыщІагъэпІащ. Апхуэдэхэт УФ-м КъБР-м щІыхь зиІэ я артистхэ Тауненовэ Галинэ и гъэсэн уэрэджжыкІуэхэу Къуэкъуэй Фаинэрэ Атмурзаевэ Танзилярэ (я концертмейстерыр Самидиновэ Маринэщ), утыку итыкІэмрэ тхыгъэ къеджэкІэмрэ и щэхухэм ЖьакІэмыхъу КІунэ хигъэгъуазэ Мэсей Марьянэ, «Очаг», «Старый марш» уэрэд купщІафІэхэр жызыІа Саргсян Эдгар, кьфакІуэ гупхэм хэтхэу Нэгъуэ Роман и гъэсэн КІыщ Алинэ, Ульбашев Ислъам, Гуэгэокъуэ Тамерлан, Зумакуловэ Эльмирэ (концертмейстерыр Къуэдзокъуэ Виталийщ) сымэ, Багъэтыр Залинэ зи унафэщІ «Касталия» ансамблыр, Унэж Татьянэ и гъэсэн щыкІуэхэр, уэрэджыІакІуэхэу ХьэмгъуокъуэМарьянэ, Щоджэн ХьэІишэт, Амщокъуэ Оксанэ, нэгъэущІхэри.

ИСТЭПАН Залинэ.





Бэтокъуэ Нияз Мухьэдин и къуэр

Куэдрэ мысымэджауэ, дунейм ехьажащ ди лэжьэгъу, зи Іэдакъэщ1кІэр дуней псом къыщалъытэ бзэ щІэныгъэлІ, Парим дэт Сорбоннэ университет щІэрыІуэм Кавказыр джыныкІэ и центрыр къызэрыгъэпэщащэм ящыщ зы, филологие щІэныгъэхэм я доктор Бэтокъуэ Ниязэ Мухьэдин и къуэр.

Ар Сирием щыщ Къунейдіэ рэкъалэм 1940 гъэм мэлыжьхьым и 11-м къыщалъхуащ. Хьэрпыбзэмкіэ егъэджакІуэм и Іэщ1агъэр зригъэгъуэтри, абы Сирием, иужькІэ Алжирым щрилэжьащ. 1970-1977 гъэхэм Сорбоннэ университетым Франджбзэмрэ литературэмрэ щиджащ, а университет дыдэм и докторантурэм 1977-1983 гъэхэм щІэсащ икІи бзэмкІэ доктор диссертацэр пхигъэкІащ.

1973-1983 гъэхэм Бэтокъуэ Ниязэ Париж дэт щІэныгъэхъуэтакІуэ лъэпкъ институтым щылэжьащ. А зэманым ар Парим Катрин щІыгъуу абзэзэхэ псалъалъэ зэхэлъхьэным елэжьащ, Кавказ бзэхэмкІэ семинар Сорбоннэ щригъэкІуэкІыу щытащ. 1984-1986 гъэхэм Дамаск къалэм (Сирие) франджбзэмкІэ егъэджакІуэу щылэжьащ. 1986-1991 гъэхэм франджбзэмрэ франджы литературэмкІэ егъэджакІуэу Ярмук университетым (Иордание) щылащ.

1991 гъэм и жэпуэгъуэм Бэтокъуэ Ниязэ и адзэжь щыналъэм - Къэбэрдей-Балъкъэрым - къигъэзэжащ. 1993-1998 гъэхэм ар КъБКъУ-м франджбзэмрэ франджы литературэмкІэ и егъэджакІуэу лэжьащ. 1998 гъэм и мэлыжьыхь мазэм щегъэжьауэ Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и Академиемк и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым адыгэбзэмкІэ и къудамэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжьу щытащ. Бэтокъуэ Ниязэ Мухьэдин и къуэр ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиеми и член-корреспондентт.

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым щыщыІа илъэсхэм абы монографиеу тІу итхащ, адыгэбзэр джыным ехьэлІа Іуэху нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщ зым теухуауэ.

ЩІэныгъэ Іуэхухэм Бэтокъуэ Ниязэ республикэм и жылагъуэ гъащІэмк и жыджэру хэту щытащ. Псом хуэмыдэу ар нэхъ тегъэзыежьыр анэдэлъхубзэр мэлыжьым, зегъэужьыным, абы и пІэр къэІэтыным. И лъэпкъыр, и анэдэлъхубзэр фыуэ иІыгъуу зэрыщытарщ зэгуэр Франджым щиІа лэжьапІэ хъарзынэр, а къаралым и гражданствэ къратыну къызэрагъэгугъар кьигъанэу ар КъБР-м къыщІэкІуэжар, и гъащІэр иухыу абы щІыхуэлэжьар.

ЩІэныгъэм, лъэпкъым яхуэпэжьныныкІэ щапхъэу дэ Бэтокъуэ Ниязэ Мухьэдин и къуэр сыт щыгъуи дигу иІынщ.

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым и лэжьакІуэхэр. Дунейпсо Адыгэ Хасэ.

● Пщэдей Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэм елэжь промышленностымрэ я лэжьакIуэхэм я махуэщ

Хуэфащэу Iуощ1э

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщ1эхэм нобэ ирихьэл1эу зэф1агъэк1ам пэублэу дриплъэжмэ, лэжьыгъэ хъарзынэ къ1рахьэл1ауэ жыпI эхъунущ. Хозяйствэ л1эужьыгъуэ псомкIэ кIыгъэ пасэхэмрэ хьэцэпэцэмрэ и чэзум кIэрыхуншэу щыIуахьижащ. Мы зэманым етIуанэ хэгъуэр и гуащI эгъуэгъуэ ирагъэкIуэкI, бжьыхьэсэм и лъабжьэр ягъэтIылъ. Иужьрей илъэсхэм ди республикэм гъавэу къ1ыщрахьэл1эм хэпщ1ыкIыу хэхъуащ. Ар и фIыгъэщ къ1ералыр мылъкукIэ къ1эзрыдэIэпыкъым. К1эрт1офрэ хадзэкIэхэмкIэ ирикъуу зыкъызыдогъэпэщыжьыр. Пхъэщхьэмыщхьэ зехьэкIэм и Iэмал нэхъыфIэр нэрылъагъуу зэтоувэ. Мы гъэм и мази 8-м къриубыдэу хозяйствэ л1эужьыгъуэ псоми мэкъумэшхэкIыу сом мелард 18,4-рэ и уасэ хъыщ1ап1эжьащ. Илъэсым и к1эм сом мелард 35-м нэсыну поплъэ. Ар нэгъабзрей бжьыгъэм процент 3,7-кIэ щIегъу.

2007 гъэ лъандэрэ жыг хадзэрэ мэракIуалъэу гектар миниблым нэблагъэ республикэм щагъэтIысащ. Гектар минищыр псынщIэу хэхъуэхэм хуэдэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэм зэрызыщижьыну къэралпрограммэм тету, зэман кIыхькIэ къызыпыкIэ жыг хадэу зы гектар мынэхъ мащIэ илъэс къэс хасэнущ икIи 2020 гъэм ирихьэл1эу минипщIым нагъэсынущ. Ахэр къызэщIэрыуэмэ, пхъэщхьэмыщхьэу къыпачыжьым тонн мин 400-кIэ хэхъуэнущ, Iэнатl эщIэу мин 15 мархъэгъэпэщынущ. Мы гъэм пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэу тонн мини 130-рэ кърахьэл1эжьэу траууащ. КъыдфIэр кърахьэл1эжьэу ягъэзащIэ. Тонн мин 85 - 90-м республикэр ирикъунущ, тонн мин 40-м щIигъу яхуэщэнущ.

Къэралым и щIыналъэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэщ пхъэщхьэмыщхьэрэ хадзэкIэхэмрэ зэрызэрахьэ пластик ашыкэр къыщыщIагъэкIыр. Къищынэмыщ1ауэ, хадзэкIэ, пхъэщхьэмыщхьэ хуэмап1э лъэщхэр яуху, нэгъуэщI проектышхуэкэр ягъэзащ1э. Питомникэм гектари 125-м щIигъу хухахащ. Абыхэм псынщIэу зызыужь жыг хадзэкэм папщIэ, илъэс къэс гъэ1эпхуэну мелуанищым нэблагъэ къыщагъэкIыщ. 2015 гъэ пщIондэ теплицэ комплексэр гектарищэм, парник мыинкэр гектар 500-м щыухуэжьын теплицэ проектэр ягъэзащIэну я мурадщ.

Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ зэгурыIуэныгъитху зэращ1ыл1ащ. Абыхэм япкъ иткIэ, республикэ бюджетым федеральнэ субсидиеу сом мелуан 914-рэ хухахьиращ. Ар гъавэ зыщ1эхэм, Iэщ зэзыхуэхэм, Iэщ1эвыщIэ Iэпхъэ къэзыгъэзыхъэм, мэл, бжэн лъхъэн-пIэнхэр зезыхьэхэм я Iуэхум халъхьэнущ. Ильэсым пщIондэ

лэжьыр етIанэгъэ тонн мини 101-м щIигъунущ. Абы папщIэ, гъэмахуэ хъупIэжьр, нэхъыфIу, зэгъэззэхуаэ къагъэсэбэпынущ. ХадзэкIэхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ предприятэ 28-рэ иолэжь. Урысейм хадзэкIэ консерву щагъэхьэзырым и процент 12,5-р Къэбэрдей-Балъкъэрым хуозэ. Пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадзэкIэхэмрэ къыхьыщIыкIа консерву банкI мелуани 145-рэ е тонн 54-рэ мы гъэм къыщIагъэкIыну я мурадщ. «Компание щхъуантIэ» ООО-р и лъэщагъ псомкIи ирагъажьэмэ, 2017 гъэм ирихьэл1эу а бжьыгъэр банкI мелуан 260-м яхунэгъэсынущ. Ар хадзэкI консерву Урысейм щагъэхьэзырым и процент 23-рэ мэхъу.

Республикэм и агропромышленнэ комплексым и Iэнатl эхэм сом мелард 27,6-рэ и уасэ инвестицэ проект 58-рэ щагъэзэщIэну траухуащ. Абыхэм цIыху мини 3,7-рэ лэжьыгъэкIэ къызэрагъэпэщынущ. Илъэс зэкIэлъыкIуэхэм а Iуэхур хэкъуэзауэ пхагъэкIынущ.

Гъавэу, гъэшу, лыуэ, пхъэщхьэмыщхьэрэ хадзэкIэхэр къалэжьым хэгъэхьуэным, Iэнатl эхэр егъэфIэкIуэным, иджырей къыдэзыгъахуэ технологиеихэр къэгъэсэбэпыным, ахэр я лъабжьэу дрейм япэхьу, я фIагъэр я къабзагъэкIэ нэгъуэщI хэм ефIэкI ерыскъыпхъэхэр гъэхьэзырыным, я лIэужьыгъуэхэм хагъахьуэным, щэхуакIуэхэр къыдэхьэхыным, арэзы щIыным гульытэ хэха хуащIынущ. Абыхэм ятегъэпсыхьа проектхэр щыIэщ. Къапщтэмэ, ди деж щрагъахьуэ нарзанпэсхэр, псыIэфIхэр, пхъэщхьэмыщхьэпэсхэр, консерв, ерыскъы промышленностым и предприятэхэм щагъэхьэзыр фIэIуегъэхэмрэ гъэшхэкIхэмрэ Европэм щызекIуэ пщ1ал1эхэм зымащIэкIи къакIэрыхуркъым. Абы и щыхьэтщ Мэкъуу къалэм дыгъуасэ щызэхуащIыжа «Бжьыхьэ дыщафэ-2014» 16-нэ Урысей агропромышленнэ выставкэм ди IыкIуэхэм щагъэльэгъуа продукцэхэм щIэупщIэшхуэ зэрал1ар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэр лэжьыгъэфIкIэ я мазхуэм ирохьэлIэри, гъэр зэпэщу яхуэну, я гуащIэм къыпэкIуэр узынШэу зэрагъэзэхуэну ди гуапэм.

ХЬЭЖЬIКЪАРЭ Алик.

● Жэпэгъуэм и 13-р КъБР-м и хабзэхъуэхуэ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ

Зэманыр зыпэмылъэщ

2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ жэпэгъуэм и 13-р Хабзэхъуэмэ органхэм я къБР-м щыIэ зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэу ди республикэм щагъэуващ.

... 2005 гъэм жэпэгъуэм и 13 пщэдджыжьыр дыгъэпст. Дуней нэжэгужэм зыдащIу, гъэфIагуфIэу лэжьыгъэ Iэнатl эхэм, еджапIэхэм уэпIащIэрт налшыкдгъэхэр. Абыхэм сыткIэ ягу къэкIынт щIэх дыдэу гъэзэжгъэшхуэм хэхуэну? АрщхьэкIэ, хьощэр бэлэрыгъыркъым. ЩIэпхъэджащIэхэм республикэм и щыхьэрым дэт хабзэхъуэмэ Iэхуэщ1апI эхэм щатеуэну махуэу жэпэгъуэм и 13-р къыхахауэ къыщIэкIащ....

Мы гъэм илъэсибгъу ирокъу абы лъандэрэ. А махуэм и дыгъэпс пщэдджьыжьыр ирИат Iугъуэ фIыщIэм и гъуэзым, кьалэм и Iэуэпл1ауэ дыэзсар з1ащIат автоматхэмрэ лагъымхэмрэ я уэ макъым. Iэщ1кIэ зэщIэуэзэда бзаджащIэ гупхэм ящыщхэм япэващ республикэм и хабзэхъуэмэ органэм я лэжьакIуэхэр, къэрал кIуэц1, гъунапкъэхъуэмэ дзэхэм къулыкъур щезыхьэкIэр.

МахуитlкIэ екIуэкIа зэхэуэм хэкIуэдащ хабзэхъуэмэ лэжьакIуэрэ дзэ къулыкъущIэу 35-рэ, цIыху мамыру 15.

ХэкIуэда лIыхъужьхэм я фэеплъыр мыкIуэдыжьну тхыдэм кьыхэнэнущ. Абыхэм я цIэхэр уэрамхэм щыфIащащ кьыщалъхуа жылагъуэхэм. Щеджа курыт еджапIэхэм зи цIэр фIащахэр, фэеплъ пхъэбгъуэкр кьыщIэзыгуахьэрэ щыIэщ. Псалъэм папщIэ, Бахъсэн кьалэ и курыт еджапIэхэм ящыщ зым зэрехьэ КъБР-м щыIэ МВД-м и ОМСН-м и унафэщIым и кьуэдзэ, милицэм и подполковник Кьалмыкъ Руслан и цIэр. Зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъуэмэ лэжьакIуэхэм я цIэхэр УФ-м и МВД-м и унафэкIэ игъащIэкIэ хатхащ КъБР-м щыIэ МВД-м и спискэм.

Кьалащхьэм кьытеуа щIэпхъэджащIэхэм республикэр щызыхьумэу 2005 гъэм жэпэгъуэм и 13-м зи гъащIэр зыта, УФ-м и ФСБ-м и прапорщик Красиков Александрэ 2008 гъэм щышылэм и 12-м лIыгъэ кьигъэльагъуэу бзаджащIэхэм япэщIэувэу хэкIуэда, милицэм и полковник КIарэ Анатолийрэ Урысейм и ЛIыхъужь цIэр кьыфIащащ, Налшык кьалэ Зэгурыпэныгъэм и утым деж щыIэ ЩIыхь пхъэбгъуэм абыхэм я цIэхэр тетхащ. Кьалэм дэт милицэ сквером кьыщызэIуахащ зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъуэмэхэм я аллее.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, илъэсибгъу и пэкIэ къэхуа гуауэм иужькIи я кьалэн ягъэзащIэу хэкIуэдахэр щыIащ. Абыхэм я фэеплъ гулъытэ хуащI. Мыпсэужу ЛIыгъэм и орденыр, медалхэр, нэгъуэщI дамыгъэхэр зыхуагъэфэщащэр мащIэкъым.

Сыт хуэдэуи щрети, цIыху фIыкIэ мэгугъэ. Нобэ республикэм хьэгъэщагъэ, щIэпхъэджагъэ щызезыхьэну хущIэкъуэм зыкъащIэжу псэр зэрыIэфIыр, гъащIэр зэрылъапIэр кьагурыIэу гъэзгу тэмэмым теувэжьыну дыщогугъ.

Кьыхэдгъэщынщи, иужьрей лъэхъэнэм ди лъахэм щытыкIэр нэхъ зэпIэзэрыт щыхъуащи, цIыхухэрэ нэхъ зэIухащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащ1эхэу хаха КIуэкIэ Юрий, адрей унафэщIхэм ди щIыналъэм и ефIэкIуэныгъэмрэ зэпIэзэрытыгъэмрэ зэпымыуэ я нэIэ трагъэтщ. Ахэр хущIокъу ди республикэм лъэпкъ, дин зэхущытыкIэхэм зыщегъэуэжьыным, мамырыгъэр щыгъэбыдэным. Абыхэм я щIэпхъэхьэнщ ди лъахэм щыпсэу, фIы зигу иIэ псори.

Хабзэхъуэмэ Iэнатl эхэм, сыт щыгъуи хуэдэу, ноби кьалэн куэд я пщэ кьыдохуэ. Жылагъуэм щыщыIэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным, ди щIыпIэм щыпсэухэм, лъэпкъхэм я зэхуаку зэгурыIуэныгъэрэ мамырыгъэрэ дэлъыным, шынагъуэншагъэр кьызэрэпэщыным я кьару псори хуэзащIагъэIуэ. Iэнатl эм и унафэщIэхэм зэгъэтIылъэкI зимыIэ кьалэнхэр зэфIэхыным я пэжьыгъэр хуэунэтIами, хэкIуэда я лэжьагъуэхэм я унагъуэхэм яIуогъэ, я гугъуэхьэри, зрагъащIэри ахэр зэрызэфIахьыным яужь итщ.

Жэпэгъуэм и 13-м Фэеплъ махуэм теухуа Iуэхугъуэхэр республикэм и кьалащхьэм щекIуэкIынущ.

УАРДЭ Женя.

● Пресс-конференцхэр

ХэкIыпIэхэр мащIэкъым, мурадхэр нэхъыбэжщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр ЩIыхьмырзэ Мухьэмэд жэпэгъуэм и 2-м иригъэкIуэкIа пресс-конференцыр хэзыгъэгъуазэ лей хэмыту, упщIэрэ жэуапкIэ яублащ.

ЯПЭУ КЪАIЭТАР къуэпIэ къэрал зыбжанэм къыдащIыIа санкцэхэм ятеуухуарц. Урысейр абыхэм зэпанэджэж щIыкIэм и гугъу щищIым, министрым къигъэлъэгъуащ мэкъумэшэкIрэ ерыскъыпхъэу нэгъуэщI щIыпIэхэм кърашхэр зэрагъэзэщIам ди гъавэгъэкIхэмрэ Iэщ1ыкъэхэмрэ Iэмалыф1кIэр къаззэрыхуэзIуихьр.

- Къыдащ1ыIа санкцэхэм хэкIыпIэщIэхэр къыгхуэзарагъэпэщ. Абыхэм ятещIыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш политикэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэтлъхьауэ, агропромышленнэ комплексым и унэтIынигъэ нэхъыщхьэхэр зэщIэкьыщхьауэ дгъэбзеджьлащ. Мэкъумэш щIэным дыхуэIэззэщ, ауэ ар зэрахъуэж, зэращ щIыкIэм гугъуехьыщхуэхэр пылъщ. ХадзэкIхэр, пхъэщхьэмыщхьэр, нартыху гъавапхэр, консерв зэмылIэужьыгъуэхэр, нэгъуэщIхэри иужьрей илъэсхэм езэгъыраб1ауэ тхуэщэртэкъым. Хамэ къэралхэм къращхэр зэрыныщхуэ къытхуэхъуэрт. Иджы я Iэдакъэщ1кIхэм хагъэхъуэн папщIэ, ди мэкъумэшщIэхэмрэ ерыскъым елэжь Iэнатl эхэмрэ Iэмалыф1кIэр яIэщ. Агробизнесым и пхыгъэкIакIуэхэм замыIэжьэу рынокым хуэфащэ увыпIэ щаубыдын хуеиц. Ар кьытпэщыт кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщц, сыту жыпIэмэ, химие зыхэмыт ерыскъыхэкI къабзэхэр къызэралъхьыным ди мэкъумэшщIэхэр хуэхъэзырц. А хэкIыпIэфIыр кьэгъэзесёбэпын хуеиуэ къыдолытэ, - къыхихгъэщащ ЩIыхьмырзэ Мухьэмэд.

МэкъумэшхэкIхэм я уасэхэр зыхуэдэм и гугъу щищIым, абы къигъэлъэгъуащ къызэрагъэпэща штаб хэхэр ерыскъы щапIэхэм я щытыкIэм зэпымыуэ зэрыкIэлъыплъыр. Кьапщтэмэ, нэгъуэщI къэралхэм яхуэгъэза санкцэхэр къыщыхалъхьа щыщхьэуIум и 7-м кIэщIу иужь иту, республикэ бёзэрым лымрэ лыхэкIхэмрэ я уасэхэм проценти 10 - 13 хуэдизкIэ зыщIэтауэ щытащ. Ауэ тхьэмахуитI нэхъ дэмыкIыу сату Iуэхур зэтеувэжащ икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым абыхэм афIэкIа щыхэхъуэхьым. Жэпэгъуэм и 1-м кхъуэлымрэ хадзэкIхэмрэ я уасэхэм кIэрыхуащ, псалъэм папщIэ, къэбыстэм, пхъым, жэгундэм процент 20 - 25-кIэ, уеблэмэ, ар процент 50-м нэскIэ щеха щIыпIи щыIэщ. ГъэшхэкIхэм я уасэхэр япэщIыкIэ процентитI-щыкIэ дэкIуейри, иужькIэ тэмэму зэхуэкIуэжащ, иджыпсту зэрызамыхъуэжым хуэдэщ. МэкъумэшхэкIхэм елэжь Iэнатl э нэхъыщхьэ щэщIым я продукцэ л1эужьыгъуэ 15-м зэпымыуэ кIэлъопл1. Къыщынэмыщ1ауэ, уасэхэр зыхуэдэм и теуха хэзыбгыр Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм махуэ кьэкIэ Iэрагъэхьэ.

Республикэм Iэщхэ кIэхэмкIэ зэрызыкъызэригъэпэщыжьыфм теухуауэ журналистхэр зыщIэупщIам и жэуапу министрым кьыхигъэщащ етIанэгъэ щегъэжьауэ ныуэ кьалэжьыр зыхуеину мардэ бжьыгъэм зэрынагъэсынур.

- Джэдкъэзылым и гугъу тщIымэ, абыкIэ ди Iуэхур зэпэщ1, уеблэмэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIыналъэхэм, Мэзкъу кьалэм, Мэзкъу областым, нэгъуэщI щIыпIэхэм идогъашэ. Ар я фIыщIэщ «Велес-Агро», «Бахъсэн-Бройлер» Iэнатl э лъэрыкъхэм, «Дадэ» КФХ-м, нэгъуэщIэхэми. Нартан, Нарткъалэ, Май кьалэм щыIэ джэдкъаз фабрикэхэр зыдогъэпэщыж. Ахэр едгъажьэмэ, ди зэфIэкIым куэдкIэ хэхъуэнущ. Фермерхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ былымыл хъарзынэ кьалэжь. Арами, Къэхъун кьуажэм щыIэ «Империя» КФХ-м гугъэфIэхэр идопх. Абы Iэщ1эвыщIэ лъэпкъыфIхэр щагъэшхэнущ. Мы зэманым ахэр кьащ1эху, псори зэхэту сом мелуан 60 и уасэ щIапхэнущ, - жиIащ министрым.

Бгылъэ хъупIэхэр гектар мини 142,6-рэ мэхъу. Гектар мин 40,5-р «Хьэмащ1э», мин 84,5-р «Аурсэнтх», гектар мин 17,6-р «Шэрэдж» гъэмахуэ хъупIэхэм яубыд. Совет лъэхъэнэм щыгъуэ Къущхьэхъум Iэщ1ыхэр щаIыгът, гъэш уэр кьущашырт, лыфI щрагъэщIырт. Иужьрей илъэсхэм гъэмахуэ хъупIэхэм щытыкIэр хуабжьу щекIэкIуащ, къэрал мыхьэнэшхэ зрату щыта Iуэхур кIэрыпIытпщ хъуащ. Кьапщтэмэ, мы гъэм абыхэм щаIыгъар Iэщ1ыхэуэ мин 27-рэщ, мэлу мин 94,5-рэщ, шыуэ мини 4,5-рэщ. Ар хуабжьу мащIэщ. ЩытыкIэм зихъуэжьын щхьэкIэ я мурадхэм теухуа упщIэм и жэуапу ЩIыхьмырзэ Мухьэмэд кьыхигъэщащ ди гъэмахуэ хъупIэхэм кьапэхъун Урысей псом зэрыщымыIэр, ахэр республикэм и агроэкономикэм и фIыпIэхэм, и ефIэкIныгъэхэм зэращIыщ, Къущхьэхъу жьжьбэхэм Iэхъур тэмэму щызэтеубл1эжьым дяпэкIэ хэкъуэзауэ зэрелэжьынур.

- Абы папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэкlэ, «КъБР-м и гъэмахуэ хъупIэхэр» кьэрал кIэзонэ Iэнатl э кьызэдгъэзэпэщащ. Дэ кьытпэщытщ хъупIэхэр кьызэрагъэсэбэп щыIкIэр кьэтпщитэну, ягъэхьэлеIхэр зыхуэдизыр кьэтхутэну, ветеринар хабзэхэр зэрагъэзащIэм, щIыпIэр зэрызэрахьэм, кьуршым щыIэ хозяйствэхэмрэ предприятэхэмрэ технологие Iуэхуэгъуэхэр зэрызэхуагъакIуэм ткIийуэ дыкIэльыплъыну, Iэщым пэрытхэм я лэжьыгъэр зэдгъэуIуну. ЕтIанэгъэ кьыщыщIэдзауэ былыму минищэм нэблагъэ Къущхьэхъум идгуэшэну ди мурадщ. Ар зэдгъэхъулIэмэ, лыхэкI продукцэхэр кьэлэжьынымрэ щэнымкIэ ранокым хуэфащэ увыпIэ щыдубыдынущ, - щIитIуэжащ министрым.

Алхуэдэу ар зэщIэкьыхауэ кьытеувыIащ агрострахованэм и мыхьэнэм, дзэжьей гъэхъуным пщIа гугъуехьхэм, жылапхъэфIхэр кьэгъэкIыным хуэунэтIауэ республикэм щызэфIэгъэкIыпхъэхэм.

- Жылапхъэхэр кьэралым и ерыскъы щынагъуэнщагъэм и лъабжьэщ. Ахэр уимыIэмэ, ерыскъыи щыIэнукъым. ЩIэныгъэ-къэхутакIуэ институтхэмрэ щIэныгъэ-производствэ фирмэхэмрэ селекцэ лэжьыгъэ Iэмал имыIэу зэрящытыпхъэм хуэдэу щызэтеуухуэжьын хуеиц. ИтIанэ пасэ дыдэу, ику иту, кIасэ дыдэу хъу гибридхэм, пIалъэ кIыхькIэ хэхауэ зызыхьумэж гибрид л1эужьыгъуэхэм фIагъыпхуэ зиIэ я жыл1эжр республикэм къыщытхуэгъэкIынущ. Къищынэмыщ1ауэ, псынщIэу хэхъуэ жыг хадзэхэм зегъэужьынымрэ хадзэкIэхэр зехьэнымрэ агропромышленнэ кластерым и унэтIынигъэ нэхъыщхьэу къызолытэ. Ди консерв предприятэ щхьэхуэхэр рынокым хъарзынэу хэзэгъащ: ягъэхьэзыр продукцэр щIэрыIуэ хъуащ, щIэупщIэпхъуэ яIэщ. Иджырей технологие лъагэхэм яхуэгъэпсэ Iэмэпсымэхэмкlэ нарзанпсэхэр, псыIэфIхэр, Iэфlыкl эхэр пхъэщхьэмыщхьэпсэхэр къыщIэзыгъэкI Iэнатl эхэр диIэщ. «Компание щхъуантIэ» ООО-м и илъэсым банкI мелуани 120-рэ щагъэхьэзырыну консерв заводыщIэ еухуэ. Технологие пэрытым тету горох щхъуантIэм, нартыху фошыгъум, джэшым къыхэщIыкIа консервхэр абы кьэнжал банкIым щралъхьэнущ. Заводыр мы гъэм едгъажьэну ди мурадщ, 2017 гъэм и лъэщагъ псомкIи дутIапщ1эмэ, щIыху 200-м Iэнатl э ягъуэтынущ. «Прохладнэ» ОАО-м и ихуэ иджырей комплексым хадзэкIыщIэхэмрэ щIыпIэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я щIыпIэ щыIэ. Абы ди мурадщ, 2017 гъэм и лъэщагъ псомкIи дутIапщ1эмэ, щIыху 200-м Iэнатl э ягъуэтынущ. «Прохладнэ» ОАО-м и ихуэ иджырей комплексым хадзэкIыщIэхэмрэ щIыпIэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я щIыпIэ щыIэ. Абы и лъэныкъуэкIэ нэгъуэщI проектышхуэхэри республикэм щагъэзащIэ, - къигъэлъэгъуащ ЩIыхьмырзэ Мухьэмэд журналистхэм я упщIэхэм жэуап щаритым.

Министрыр мыхьэнэ ириту тепсэлъыхьащ къыхэкIоперацэм зегъэужьыным, а Iуэхум цIыху нэхъыбэ хэпщIэн зэрыхуейм.

- ЗэрыжысIащи, мэкъумэш щIэным дихуэIэзэщ, ауэ ар зэрахъумэ, зэращ щIыкIэм гугъуехь инхэр пылъщ. ХэкIыпIэр - мэкъумэшщIэхэр кооперативу зэгухьэныгъ. Кооперацэр рынок зэхуэщытыкIэхэр зэрыщэхуагъакIуэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iэмал гъэнэхуащ. Абы къыхэкIыу, мэкъумэш щIэкIэр фейдэ пылъу къызэдгъэпэщын щхьэкIэ, уней хозяйствэхэм, Iэнатl э цIыкIухэм, курытхэм я зэфIэкIыр зэдгъэуIун хуеиц. Щыхьмырзэ Мухьэмэд журналистхэм я упщIэхэм жэуап щаритым.

- ЗэрыжысIащи, мэкъумэш щIэным дихуэIэзэщ, ауэ ар зэрахъумэ, зэращ щIыкIэм гугъуехь инхэр пылъщ. ХэкIыпIэр - мэкъумэшщIэхэр кооперативу зэгухьэныгъ. Кооперацэр рынок зэхуэщытыкIэхэр зэрыщэхуагъакIуэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iэмал гъэнэхуащ. Абы къыхэкIыу, мэкъумэш щIэкIэр фейдэ пылъу къызэдгъэпэщын щхьэкIэ, уней хозяйствэхэм, Iэнатl э цIыкIухэм, курытхэм я зэфIэкIыр зэдгъэуIун хуеиц. ЩIыгъуэтынур министерствэр, муниципальнэ районхэр, Iуэхур зэхьэлIа ассоциацэхэмрэ мэкъумэшщIэхэмрэ зэрыщIэу зэдэлажьэмэщ, - къыхигъэщащ ЩIыхьмырзэ Мухьэмэд.

ЗэIущIэм и кIэухым абы журналистхэм фIыщIэ яхуищIащ икIи я Iуэхущ1афэр зыхуэдэр хэIущIыIу ищIын папщIэ, щIэхъщIэхьыр зэхуэзэмэ зэригъапэр яжриащ.

АРУАН Алий.

Техьэгъуэм зыщIыфхъумэ

2013 гъэм техьэгъуэ узыфэр къэрал 97-м къыщацхутащ. Урысей Федерацэми щыIэщ илъэс кьэс техьэгъуэм игъэсымджэхэр. Ахуэдэу 2013 гъэм УФ-м и щIыналъэм цIыху 95-м техьэгъуэр япкърыту къыщацхутащ, абы тIур иIыкIащ. Техьэгъуэр зыпкърытахэм сабиитI яхэтащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ техьэгъуэ узыфэр зыпкърыт цIыхуитI къыщацхутауэ щытащ - зыр 2009 гъэм, адрейр 2012 гъэм.

Дунейпсо зэпыщIэныгъэхэм, турист Iуэхум зэрызаужьым кьыхэкIыу, Урысейм и цIыху хамэ къэралхэм кIуэхэм я бжьыгъэм илъэс кьэс хохьуэ. Абыхэм щIыпIэ хуабэхэм кьикIыу дыдей кьакIуэхэми щIыналъэм кьраухэнкIэ хуэнущ техьэгъуэ узыфэр. Техьэгъуэр къыщыхьайр щIыпIэ хуабэхэращ.

2013 гъэм Урысейм техьэгъуэ узыфэр нэхъыбэу щыщIыар щэкIуэгъуэ - щIышыIэ мазэкэщ. Ар кьызыхэкIар ди цIыхухэр куэду а лъэхъэнэм щыпIэ хуабэхэм зэрыкIуэрщ.

Техьэгъуэ узыфэм зимыубгъун папщIэ, ар зыпкърытыным и чэзум дохутырым зыхуигъэзэн хуеиц. А узыфэр кьыхихуэгъэувыIэнущ хэр. Апхуэдэу нэгъуэщI къэралхэм зыплъыхьакIуэ кIуэнэр къызэзыгъэпэщ Iуэхущ1апIэхэм а узыфэ шынагъуэм техуха хъыбарыр кьывжьIэныр я къалэнщ.

ЩIыпIэ хуабэхэм зыплъыхьакIуэ кIуэнэхэм я узыфэр къызымыгъэуалIэ хущ1ыхъуэхэр зрахьэлIапхъэщ. Адэкlэ щIыпIэм зэрыщIыIэ зэманми кьэкIуэжа иужь мазэкIи хущ1ыхъуэм ефэн хуейщ. Хущ1ыхъуэ зыхуэдэри ар зэрызэпхьэлIэнури дохутырым иубзыхун хуейщ. Апхуэдэу, Iэмал зэриIэкIэ, ар гъуейуэм защ1ыхъумапхъэщ. Абы папщIэ къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм щыIэм зэманыр зэрызэфIэн хуэнущ щыIэм щахъэ кремхэр. Ахэр унэм къыщIэмыльэтэн папщIэ бжьхэмрэ щхьэгъубжьхэмрэ Iупхъуэ хъархэмкIэ гъэбыдэн хуейщ, зыгуэркIэ пэшым къыщIыхьамэ, абыхэм фызэребэнын Iэмэпсымэхэри щIыIэщ.

Дауэ мыхъуми, щIыпIэ хуабэхэм щIыпIахэр техьэгъуэм иубыдауэ зыхи ящIмэ, заншIэу дохутырым зыхуагъэзэмэ нэхъыфIщ.

ЛЕОНОВЭ Иринэ,
УФ-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэмрэ зэпэщIыныгъэмрэ к1эл1ыпл1ъэныкIэ и федеральнэ Iуэхущ1апIэм и къудамэу КъБР-м щыIэм и эксперт нэхъыщхьэ.

● Пресс-конференцхэр

2005 гъэм хэкIуэдахэр

1. **КIэмыргуей Арсен Борис и къуэр**, юстицэм и лейтенант нэхъыжь, Налшык кьалэ и 1-нэ ОВД.
2. **Къалмыкъ Руслан Аслъэнбий и къуэр**, милицэм и подполковник, КъБР-м и МВД-м и криминальнэ милицэм и ОМСН.
3. **Моллаев Хьэмзэт Марат и къуэр**, милицэм и лейтенант нэхъыжь, КъБР-м и МВД.
4. **Мысост Артур Лудин и къуэр**, милицэм и старшина, КъБР-м и МВД-м и УВО.
5. **Тэмазэ Ибрэхьим Сэфарбий и къуэр**, милицэм и капитан, Налшык и 1-нэ ОВД.
6. **Унэлlокъуэ Мурат Борис и къуэр**, милицэм и сержант нэхъыжь, КъБР-м и МВД-м и ДПС.
7. **ДыщэкI Замир Зухьэдин и къуэр**, милицэм и лейтенант нэхъыжь, КъБР-м и МВД-м и ППСМ.
8. **ДыщэкI Тимур Исуф и къуэр**, милицэм и лейтенант нэхъыжь, КъБР-м и МВД-м и ППСМ.
9. **ХьэхъупащIэ Аслъэн Урысбий и къуэр**, милицэм и прапорщик, КъБР-м и МВД-м и ППСМ.
10. **ДыщэкI Аскэр Сэфарбий и къуэр**, милицэм и лейтенант нэхъыщIэ, Шэджэм РОВД.
11. **Абазэ Хьэчим Хьэлиб и къуэр**, милицэм и майор, Налшык и 3-нэ ОВД-м и ППС .
12. **Къудей Валерэ Нэхъупщ и къуэр**, милицэм и майор, Налшык и 3-нэ ОВД-м и УУМ.
13. **Ует Хьэсэнбий и къуэр**, милицэм и капитан, Налшык и 3-нэ ОВД-м и ППС.
14. **Щоджэн Анзор Олег и къуэр**, милицэм и рядовой, Налшык и 3-нэ ОВД-м и ППС.
15. **Гузов Владимир Николай и къуэр**, милицэм и прапорщик, «НЗ» складым и шофер.
16. **Красиков Александр Владимир и къуэр**, прапорщик, УФ-м и ФСБ-м и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм и ОМПО.
17. **Ногеров Рашид Мыхьэмэт и къуэр**, лейтенант нэхъыжь, УФСКН-м КъБР-м щиIэ Iуэхущ1апIэм и оперуполномоченэ.
18. **Сыжажэ Мурат Вячеслав и къуэр**, УФСБ-м и оперативнэ къудамэ, Бахъсэн кьалэ.
19. **Шыркъо Юрий Хьэмзэт и къуэр**, милицэм и сержант, Мейкъуапэ кьалэм и УВД-м и ППСМ.
20. **Щомахуэ Тимур Къэралбий и къуэр**, милицэм и лейтенант нэхъыжь, УФ-м и МВД-м и Краснодар академием и Налшык къудамэм и егъэджакIуэ-методист.
21. **Алексеенко Игорь Юрий и къуэр**, милицэм и майор, «Т» центр.
22. **Боев Александр Виктор и къуэр**, милицэм и майор, «Т» центр.
23. **Казиханов Тамерлан Алий и къуэр**, милицэм и капитан, «Т» центр.
24. **Сусаев Ибрэхьим Удай и къуэр**, милицэм и майор, «Т» центр.
25. **Тlэш Инал Анатолэ и къуэр**, милицэм и майор, «Т» центр.
26. **Ульбашев Ахъмэт Зулькарней и къуэр**, милицэм и лейтенант нэхъыжь, «Т» центр.
27. **Корчагин Иван Павел и къуэр**, стажер, УФ-м юстицэмкIэ и министерствэм тезырхэр гъэзэкIуэжьныкIэ и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм и шофер.
28. **Нурсахатов Джумагельды Ходжагельды и къуэр**, майор, УФ-м Юстицэмкlэ и министерствэм тезырхэр гъэзэкIуэжьныкIэ и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэ.
29. **Хлопов Сергей Владимир и къуэр**, прапорщик, УФ-м Юстицэмкlэ и министерствэм тезырхэр гъэзэкIуэжьныкIэ и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэ.
30. **Шыбзыхъуэ Бесльэн Хьэутий и къуэр**, капитан, 3-нэ ОВД-м и деж щыIэ УИИ-м и инспекцэ.
31. **Шыкъ Элинэ Iэбу и пхъур**, стажер, 3-нэ ОВД-м и деж щыIэ УИИ-м и инспекцэ.
32. **Сидорович Денис Виталий и къуэр**, сержант нэхъыжь, в/ч 2013 (гъунапкъэхъуэмэ гупым щыщ).
33. **Хьэжжэгъуэй Заурбэч Мухьэмэд и къуэр**, лейтенант нэхъыжь, УФ-м и МЧС.
34. **Гъэнгъэпщ Арсен Мусэ и къуэр**, милицэм и прапорщик, УФ-м и МВД-м и «Налшык-20» къэралкIуэцIыдзэ полкым и взводым и унафэщI.
35. **Тарасьян Андрей Владимир и къуэр**, рядовой, УФ-м и МВД-м и «Налшык-20» къэралкIуэцIыдзэ полкым и снайпер.

● Псалъэ пэжхэр

Дыщэ здэщыIэм дыжьыным щищIэн щыIэкъым

♦Къыбдзэгуфlэр пщыгъупщэжми, къыбдзэгуIэр пщыгъупщэжыркъым.
♦Хъумакlуэр тIысыну хуит пщIымэ гъуэлъынущ, гъуэлъыну хуит пщIымэ жеинущ.
♦Зи акъыл куу цIыхур щэхущ, псы куур зэрыхуэмым ещхьу.
♦Дыщэ здэщыIэм дыжьыным щищIэн щыIэкъым.
♦ЦIыхум хьэхуу къеIыпхар мастэкъуаншэмэ - къуаншэу, захуэмэ - захуэу етыж.
♦Хъунгъалlэ зэрыщыIэм хуэдэу, мыхъунгъалlэхэри щыIамэ арат.

КIУРАШIН Алий.

● Шхыныгъуэхэр

Лэпс зэщIэт, джэдыл, прунж, кIэртIофэ хэлъу

ДЖЭДЫП зэпкърыхар ятхъэщI, шыуаным иралъхьэ, псы щIыIэ щIакIэри тхъурымбэр къытрахыурэ зэ къытрагъэкъуалъэ. МафIэр цIыкlу яцI, шыуаныщхьэр трапIэри ягъавэ дакъикъи 10-15 хуэдизкlэ. ИтIанэ шыгъу хадзэ, прунж лъэсар зэлащIэурэ хаклуэ, тхъурымбэр къытрахыурэ дакъикъи 7-8-кlэ ягъавэ. ИтIанэ зэпэплIимэ цIыкlуурэ упщIэта кIэртIофыр халъхьэ, зэлащIэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ. МафIэр щабэ яцI, шыуаныщхьэр трапIэри хьэзыр хъуху - дакъикъэ 20-25-кlэ - ягъавэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсыр пэшхьэкубгъуэ трагъэувэ, бжьын гъэлибжьа традзэ, шыуаныщхьэр трапIэри дакъикъи 5-6-кlэ щащгъат, нэхъ IэфI къыщIыхьэн щхьэкlэ. Iэнэм пщтыру, зэрызэщIэту фалъэ кууклэ трагъэувэ. Къуэнтхъурей трагъэщащэ. ЩIакхъуэ даих.

Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):
джэдылу - г 150-рэ,
псыуэ - г 700,
прунжу - г 20,
кIэртIофэ укъэбзауэ - г 60,
къуэнтхъурейуэ - г 15,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

Бжьын гъэлибжьам:
тхъууэ - г 20,
бжьыщцхьэ упщIэтауэ - г 20,
шыбжий сыру - узыхуейм хуэдиз.

ТебэкIэ гъэжьа жьэнфэн

ЖЬЭНФЭНЫР псы щIыIэкlэ ятхъэщI, г 10-15 хъу Iыхьэ цIыкIуурэ яупщIатэ. Абы мывэ щыхэлъ щыIэщи, фIыуэ кlэлъыплъэн хуейщ. Къурмакъэйр и кIыхьагъкlэ зэгуаупщыкIри цIыкlу-цIыкIуу зэпаупщI, жьэнфэным кlэрыльэ щэри яупщIатэ. Жьэнфэн упщIэтар псы щIыIэкlэ фIыуэ ятхъэщI, тебэм иралъхьэри щIигъанэу псы щIыIэ щIакlэ. И щхьэр трапIэ, мафIэр ину драшейри зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрах, шыгъу хадзэри мафIэ цIыкIум тету и щхьэр тепIауэ сыхьэтитI-щыкlэ, псыр щIэвэщIэху ягъавэ. Псыр щIэвэщIа нэужь, ар зэлащIэурэ щэр мэткIыри, абыкlэ дакъикъи 5-6-кlэ ягъажьэ. Бжьын упщIэта халъхьэ, шыбжий сыр хьэжа хадзэ, бжьыныр лыбжьэху зэлащIэурэ дакъикъи 7-8-кlэ ягъажьэ. ИтIанэ псы щIыIэ тIэкIу щIакlри, шыуаныщхьэри тепIауэ, дакъикъэ зыгIykIэ хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ. Iэнэм щIытрагъэувэкlэ езым щIэт дагъэр тракIэ. Пщтыру яшх. ПIастэ, чыржын, мэжаджэ, щIакхъуэ докIу.

Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):
жьэнфэну - г 770-рэ,
щэ тхъурымбэу - г 140-рэ,
псыуэ - г 660-рэ,
шыгъуу - г 10,
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 90,
псывэу - г 100,
шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

Лермонтов Михаил (1814 - 2014 гъгъ.) усакIуэ гъуэзэджэу щытам и закъуэкъым. Абы сурэт щIынри зэрысабийрэ зыхилъхьэ щыIэтэкъым. ЖыпIэнурамэ, а гъуазджэми хъарзынэу хэзагъэрт. Абы и щыхьэту къэбгъэлъагъуэ хъунухэм ящыщщ мы сурэтыр. Ар Лермонтовым 1838 гъэм Кавказым щищIауэ щытащ. ФIищари «Махъшэхэр зэрыт кавказ теплъэгъуэ» жиIэущ.

● Сатыр кIэщIхэр

Хэт и губзыгъи зешыIэ

Зым и мылъкуи семыхъуапсэ,
Зыгуэр къыстхуащIэкIи сымыпсэу,
Сыузыншэу сисыжщи си лъапсэ,
Ар и уасэщ сэркIэ дуней псо!

* * *

ЩыIэкъым зыри, зэгъащIэ,
Гукъуэуэ гуэр зимыIэ.
Ауэ хэIуцIыIу зимыщIу
Хэт и губзыгъи зешыIэ.

* * *

Хуэдэ щымыIэу зилъытэжу
Куууэ щIэныгъэ бгъэдэлъми,
Къыдалъхуа зи бзэр зэзымыпэсыжу
ЩыкIар тхъэмыщкIэщ, дыщэм хэсми.

АПАЖЭ Ахьмэд.

● Фэ фщIэрэ?

Мэз дохутыр

«И ЦIЭМ хуэдэщ и щхьэри», - зыхужаIэм хуэдэщ жыгъуIур. Абы теухуауэ зыри умыщIэу щытми, и цIэр зэхэпха нэужь, жыгым Iэзэу Iэзу куэд къызэрыхищIыкIыр къыбгурыIуэнущ. Жыгыуlур адрей бзуэм ещхькъым. Абы щхьэхуэу зы псэукlэ иIэщ. Гъэмахуэми щIымахуэми мэзым щопсэу ар, жыг лъэдИм тоуIуэ.

Алыдж Iуэрыlуатэм мыпхуэдэу къыхощ: «Жыгыуlум уэщх къригъэшхыну жыгей лъэдИм тоуIуэ, ар маззм къызэхэри уэщх кърегъэщх».

Ауэ ар пэжкъым. Ар жыг лъэдийм щIытеуIэр уэщх къригъэшыну аракъым икIи теуIуэ къудейкъым. Жыгыуlум и пэр бдзым хуэдэщ. Апхуэдэ Iэмэпсымэхэмкlэ жыгыр къреугъуэныкI, сантиметри 8-10 хуэдизым абгъуэ ищIыну. Абгъуэм и кIуэцIр куууэ къретIыкI, абы щыпсэуну икIи и джэдыкIэхэр щигъэтIылъыну.

КIыщцнэмыщIауэ, абы жыгыфэ щIагъэм щIэлъ хьэпIащIэ шырхэр, жыгыфэр зышхэхэр къыщегъуэт. Жыгыуlур нэхъыбэу жыгыфэ сымаджэращ зытеуIуэр, сыт щхьэкlэ жыпIэмэ, ар нэхъ пкъыдыгъуэфIэщ.

Жыгыуlум и бзэгур кIыхьщ, папщIащ, и пэ дыдэм цы пхъашэ тетщ, хьэмбылум ещхьу. Жыгыфэр гъуанэ ещI, абы и бзэгур щIегъэльадэри, сыт хуэдэ хьэпIащIэри къыщIех. Шыр щиIэм деж абыхэм яригъэшхын куэду къахуехь.

ХьэпIащIэхэмрэ жыгыфэр зышхэмрэ я закъуэкъым абы и ерыскъыр. Абы щIымахуэм ишхыну дэ, къыпцIэ, мышхумпIэ хуэдэ пхъащхьэмышцхьэхэри егъэтIылъ. Псом хуэмыдэу жыгыуlум жыгхэм зэран яхуэхьу хьэпIащIэ куэд къакIэрех. Араща абы «мэз дохутыркIэ» щIеджэр.

БЕЩТО Илмаз.

● Интернетым дыкъыщоджэ

Сэлам зэхыпхъэр

ЛIыжь гуэр гъуэгум здрикIуэм къыхуэзащ хуабэр, щIыIэр, жьыбгъэр.

- Уэзыншэм, - жиIэщ, зигъэщхъри, блэкIащ лIыжьыр.

Хуабэм, щIыIэм, жьыбгъэм зэхатхэкIын щIадзащ: «Дэтхэнэра сэлам зрихар?» ЛIыжьым лъэщIыхьэхэри еупщIащ.

- Жьыбгъэращ, дауи, - щыжиIэм, хуабэр губжьащ:

- Мыдэ зэ гъэмахуэр къагъэс, сэ уэсщIэр плъагъунщ!

- Жьы мащIэр къепщэ къудеймэ, укъыстехьэлъэнукъым, - жи лIыжьым.

ЩIыIэм жеIэ:

- Мыдэ зэ щIымахуэр къэгъэс, къыпщыщIыр плъагъункъэ?

- Жьыбгъэр къемыпщэ къудеймэ... - дыхьэшхащ лIыжьыр.

ЗэрыдзэкIар **ГЪУЭТ Синэщ.**

Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу*:** **7**. IэщlэвэщIэ фермэ. **9**. А унэцIэр зэрахьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуитIым. **10**. Кавказым щыпсэу лъэпкъышхуэ. **11**. Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист, тхакIуэ... Борис. **12**. ЩIыпIэ хуабэхэм къраш пхъэщхьэмыщхьэ. **13**. ... жьгъей. **14**. Лэскэн районым хиубыдэ къуажэ цIыкIу. **16**. Ямыупсу щхьэкум къранэу щыта щхьэц Iэрамэ. **18**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **22**. Къэбэрдей уэрэдус цIырыIуэ Согуэ ... **23**. Кафем щагъэхьэзыр ерыскъыхэм ... лъэпкъ ящIэлъкъым. **26**. МусЛымэн диным пшхыну имыгъэдурыс ерыскъыгъуэхэр. **27**. Пасэрей зауэлI джанэ, гъущI хъар цIыкIухэм къыхэщIыкIауэ. **28**. Ди гъунэгъу лэжьакIуэжьым ... дахи иIэщ; и бынхэр гъэса защIэщ. **31**. Нартыху щхьэкIэм къыдидз гъэгъа. **34**. Ефэндыхэм я нэхъыщхьэ, хеящIэ. **36**. Хэку зауэшхуэм и зэманым партизанхэм бийм хьэлэчыпцIэ зэрыхалъхьэу щыта Iэщэ. **37**. ЩоджэнцIыкIу Алий и поэмэ цIэрыIуэм хэт Мадинэ фIыуэ илъэгъуа щIалэр. **38**. «Нобэ хуэдэу адыгэкъуэр ... пхыльэту щытыгъакъым» - ЩоджэнцIыкIу Алий и Iэдакъэщ Iэкlэ «Къамботрэ Лацэрэ» романым и къыщIэдзапIэр. **39**. КIуащ БетIал и поэмэ.

***Къехыу*:** **1**. Шхынхэлъхьэ удз. **2**. Роман 20 итха нэужь, «куэдщ ар» жери, тхакIуэм афIэкIа ... къиштэжакъым. **3**. «... сэ стелъым сихыхьнущ, си къуэш, уэ псэуэ укъонэ, насыпыр мыгуэшщ» - КIыщокъуэ Алим и усэ цIэрыIуэ «ЗэныбжьэгъуитIым» щыщщ. **4**. СатуущIым и Iэмэпсымэ. **5**. Пасэм ящыгъа, кIапсэ зэрыхьам къыхэщIыкIа адыгэ цIыхуэхъу вакъэ. **6**. РСФСР-м и цIыхубэ артист Сонэ Мухьэрбии, нэгъуэщI джэгуакIуэ Iэзэ зыкъомми я къуажэ. **8**. ... ил и лэпсщ. **15**. Къуаргъ лъэпкъ. **17**. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и 2-нэ ректору щытар. **19**. Хадзэкlэ. **20**. Махъсымэм и лъабжьэм къыщIэнэ щIэтIысыкIар. **21**. Язынкъуэ пхъэщхьэмыщхьэхэм я кум итыщ. **24**. Мы гъэм зи ныбжыр илъэс 80 ирикъуа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ. **25**. Нарт лIыхъужь. **29**. Узыдэмыхьэ ... лы дзэщ. **30**. НартыхугъэкI цIырыIуэ, Социалист Iэмэныгъэм и ЛIыхъужь Дадэ ... **32**. Ди хэкуми, хамэ къэралхэми щекIуэкIа зэхьэзэхуэ куэдым бжьыпэр къыщIызыхьа ПщыукI Жамбот ... цIырыIуэу щытащ. **33**. Нэхъ пасэм адыгэм я унащхьэр абыкIэ ягъэбыдэу щытащ. **35**. 4-нэ нэмэз щIыгъуэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Жэпуэгъуэм и 4-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу*:** **3**. Абэ. **7**. Бащлыкъ. **8**. Iэлъхьэм. **10**. Блэ. **11**. Лэгъунэ. **13**. Хэчыл. **15**. ШIэджэм. **19**. Армэ. **20**. Къады. **21**. Псы. **27**. Фор. **28**. Щыбын. **29**. Губжь. **33**. Бру. **35**. Гъэужь. **38**. ИкIута. **41**. Пщыпхъу. **43**. Мурад. **45**. Фызыжь. **46**. Шхуэ. **47**. Сэдэкъэ. **49**. Архъуанэ. **51**. Усэ.

***Къехыу*:** **1**. Ущ. **2**. Мыщэ. **4**. Балыджэ. **5**. Джэду. **6**. Кхъухь. **7**. Бэлэбанэ. **9**. Мэлычыпхъу. **12**. Гъуо. **14**. Чы. **15**. Шей. **16**. Мэл. **17**. Ауэ. **18**. Пкъы. **22**. Сыбыр. **23**. Хон. **24**. Пщы. **25**. Анэ. **26**. Ибэ. **30**. Къагъырмэс. **31**. Благъэжьрэ. **32**. Яжьэ. **34**. Жин. **36**. Нып. **37**. Дэхэу. **39**. Мылъхуэс. **40**. Хур. **42**. Уэ. **44**. Дакъэ. **45**. Фарз. **48**. Ду. **50**. Акъ.

● Интернетым дыкъыщоджэ

Сэлам зэхыпхъэр

ЛIыжь гуэр гъуэгум здрикIуэм къыхуэзащ хуабэр, щIыIэр, жьыбгъэр.

- Уэзыншэм, - жиIэщ, зигъэщхъри, блэкIащ лIыжьыр.

Хуабэм, щIыIэм, жьыбгъэм зэхатхэкIын щIадзащ: «Дэтхэнэра сэлам зрихар?» ЛIыжьым лъэщIыхьэхэри еупщIащ.

- Жьыбгъэращ, дауи, - щыжиIэм, хуабэр губжьащ:

- Мыдэ зэ гъэмахуэр къагъэс, сэ уэсщIэр плъагъунщ!

- Жьы мащIэр къепщэ къудеймэ, укъыстехьэлъэнукъым, - жи лIыжьым.

ЩIыIэм жеIэ:

- Мыдэ зэ щIымахуэр къэгъэс, къыпщыщIыр плъагъункъэ?

- Жьыбгъэр къемыпщэ къудеймэ... - дыхьэшхащ лIыжьыр.

ЗэрыдзэкIар **ГЪУЭТ Синэщ.**

Нащ и ущиекIэ

● Дэ къытхуатх

ЦIыху гъащIэ къыгъэщIащ, хужаIэу, Нащ и ныбжьыр зэкIуэтами, къэзыцIыхухэм ягъэщIагъуэу, зи щIалэгъуэхэми абыкIэ къахэжаныкIыу, дуней къэхъукъащIэхэм кIэлъыплърейт. Ауэ аратэкъым гъэщIэгъуэныр. Нэхъ гъэщIэгъуэныр Нащ и цIыху ущиекIэрат. ЦIыхур дунейм щытеткIэ, зытет дунейм къыщIихъури щекIуэкIри ищIэну и къалэнщ. Дэтхэнэ зыми ещхьу, Нащи къэхъуакъэщIахэр зригъащIэрт, имыщIэу зыгуэр зэрыблимыгъэкIыным хуэсакъырт. Нэхъ гъэщIэгъуэныжьыр зи щIалэгъуэныр Нащ и цIыху ущиекIэрат. ЦIыхур дунейм щытеткIэ, зытет дунейм къыщIихъури щекIуэкIри ищIэну и къалэнщ. Дэтхэнэ зыми ещхьу, Нащи къэхъуакъэщIахэр зригъащIэрт, имыщIэу зыгуэр зэрыблимыгъэкIыным хуэсакъырт. Нэхъ гъэщIэгъуэныжьыр си щIалэгъуэ, си зэманыгъэхэм ефIэкIуэ абыкIэ, жьыпIэну газет, журнал, тхылъ еджэрейт хъыбар гъэщIэгъуэнхэмкIэ зимыгъэнщIу. Газет къыIэрыхьамэ, итыр къримыджыкIауэ игъэтIылъынутэкъым. ТелевизоркIэ хъыбарыщIэ, дунейм щекIуэкIыр къимыщIэу блигъэкIынутэкъым, нэгъуэщI нэтын щыIэми зригъэхьапIэрт.

Зи ныбжьыр нэсу тIысыжа лIыжьым лажьыгъэкIэ къыщыгугъуэкIатэкъым, ауэ езыр Iэпкълъэпкъ мыгъэпсэхут, псэ мызагъэт, цIыху жанти, сытми хунос, хужьпIэну пщIантIэм дэлэжьыхьырт, хуэзэфIэкI ищIэу. Абы щыгъуэм, къэхъуакъэщIахэм телевизоркIэ щыкIэлъыплъынымрэ унагъуэ Iэзэу щигъэзэщIэнымрэ зэблигъэкIырт, зэманкIэ зэтримыгъахуэу. Зыгуэр еджэнумэ, езыр щыхуейм къищтэрт. Нащ къэзыцIыхухэм зэрыжаIэти, абы и махуэхэр Iэзэкуэ гъэнщIат, зэман лей имыIэу. Гъунэгъуэхэми ящIэрт Нащ и дуней тетыкIэмрэ и Iэзэу гъэпсыкIэмрэ. ЩIэныгъуэ, ягъэщIагъуэми, зыкъыхуагъаззу зыри къыжраIэртэкъым, ди Iэзэу сыт хэлъ, жьыдэIэу. Ауэ зы унагъуи хьэблэм дэстэкъым Нащ и псэукIэм темыпсэлъыхьу. Хэт жиIэрт Нащ щапхъэ техьн, абы хуэдэу, сыт и лъэныкъуэкIи Iэхум ухуэIэижьу щытын хуейуэ, къэхъу щIэблэр апхуэдэхэм ядэгъэплъеипхъэу. «И лIыжьыщцхьэ зезыхуэр лIо, зигъэтынэу сыт щIыщIымысыр?» - жаIэрт зыгуэрхэми.

Нащ и Iэхум гъэщIэгъуэн гуэри хэлътэкъым. Абы къилъытэрт дунейм щытеткIэ, абы къыщыхъуэхэм щыгъуэзапхъэу, къэхъу щIэблэр абы щIэпIыкIын хуейуэ.

Хьэблэдзэхэр щэхуу лIыжьым зэрытепсэлъыхьыр зэхимыхьжу къанэртэкъым Нащ и щхьэгъуэсэ ТIасэ. ЦIыхум жаIэм фызыр тIуащIэу егупсысырт: «Мы лIыжьыр яфIэделэу ара, и акъылыр зэкIуэжа я гугъэу хьэмэрэ щIалэгъуэлэм я къэкIуэнум зэрытегуэввыкыр къагурыIуэрэ?» - жиIэу.

Iэпкълъэпкъ мызагъэу зэрыщытым, куэд хуэзфIэмыкIыжми, зыгуэрхэр ищIэну зэрыхэтым щхьэкIэ, «нэпсей» жужьIуэнуи, нэхъыбэ зиIэм Нащ екъуапсэртэкъым. ЗэрищIэжрэ, и гъащIэр лэжьакIуэшхуэу ихьати, иджы Iуэхуншэу тIысыжьфыртэкъым. Дунейм къыщыхъу-къыщыщIэхэр зригъэщIэну и нэ къызэрикIым щхьэкIэ, и ныбжь здынэсам, а псор зэрищIыжынур сыт, къыхуажьзыIэхэми яритын жэуап иIэт Нащ. ЛIыжьым и Iэхур тэмэму къыгурыIуэми, цIыхум къажьэдэкIыу зэззэмызэ и тхьэкIумэ къиIуэхэм зэгуигъэп ТIасэ щхьэгъуэсэм жриIэрт:

- Уэзэхуэр сыт, лIыжь? Уи жьыщцхьэ уи махуэхэр тыншу щхьэ умыгъакIуэрэ? «Зыгуэр щIэ», - жиIэу хэт къудауэр? Хьэмэрэ дунейм щекIуэкI псори умыщIэну Iэмал имыIэу ара? Набгъэ хъуарэ пэт, уи газет, тхылъ еджэнкI щыбгъэтыр-щIэ. Уэ абыкIэ пщIэжьынур сыт, къудэуэнури къоупщIынури хэт? Уи щIалэгъуэм плъэгъуар урикъунущ цIыхум яжеIэжьыну, - жиIэрт ТIасэ, лIыжьым и щхьэ игъэтынщу тIысыжмэ нэхъ къиштэу. - Уэ узыхэтым хуэдизым зрагъэлIалIэркъым уэ нэхърэ нэхъыщIэхэми. Я щхьэ зэрагъэтынышын иужь итщ псори.

- «Я щхьэ зэрагъэтынышынщ», жыпIа, зэрахуэр? ГъэщIэгъуэни ар! Я гур лэжьыгъэм хэмыхьэу... Я бын яхуэмыпIыжрэ, я щхьэр зыхуэя хуамыгъэззэжьфу, щхьэхынэу цIыхур къэбгъэхъуну ара? Нэхъыжьым дилъагъуращ нэхъыщIэм ищIэжынур. Нэхъыжьым зэрихэ IэхуращI нэхъыщIэм и плъапIэр. Дэ зэрыдгъасэщ нэхъыщIэр зэрыхунур, къыддэпIенущ, - жеIэ Нащ, зэхихар игъэщIагъуэу. - Я щхьэр зэрагъэтышын... Апхуэдэ гупсысэ фIэкIа цIыхум имиIамэ, псэуфыну пIэрэт? Араща сэ сызэджэхэм губзыгъагъэу къахэхыр - цIыхур псэун щхьэкIэ гупсысэн, лэжьэн зэрыхуейр... ИтIанэ... Нэхъыжьым игъэлъагъуэращ нэхъыщIэм ищIэжынур. Нэхъыжьым нэхъыщIэр сыт хуэдэ IэхукIи дэплъей хабзэщ. Пэжу, сыт сщIэжьын сэ тхылъкIи газеткIи? Ноби пщэдеи сэ си пIалъэр? Ауэ сэракъым IуэхуР зытеухуар. Уэ уегупсысрэ нэхъыжьым игъэлъагъуэ щапхъэм нэхъыщIэр зэрырикIуэм? Дэ ди быныр Iейми фIыми зыдалъагъунур сэращ е уэращ. ЛэжьыгъэкIэ батэр сэ згъэшIыжьркъым, ауэ сольагъу ди нэхъыщIэхэр нэхъыжьым дэплъей зэпыту къызэрытэджыр. ЩIэблэм дежкIэ нэхъапэр лэжьакIэ ящIэрэ щIэныгъэм хуэпабгъэу зэхэтэджынырщ. Къысхуэнэжа гъащIэм сэ щIэблэм яхуэсщIэжьфынур аращ.

Абы и иужькIэ, зи бын зыущийхэм «Нащ и ущиекIэ» жаIэу къахуэнауэ хьэблэм дэлъащ зыкъомрэ икIи ар цIыхум сэбэп яхуэмыхъуу къэнакъым.

НЭХУЩ Хьэжпагуэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Къэкlэмыхъу Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Ширдий Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Гъурыжь Мадинэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщIымыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ.

КъыдэзыгъэкIэзмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядолэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагьымкIэ аэр зытхахэм иэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щыгъэдащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редакторыр ЖылэкIэмыхъу Маринэ, корректорхэр Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ)*, **Щоджэн Замирэ** *(3, 4-нэ)*, *КомпьютеркIэ газетым и тепIэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.626● Заказ №1977